ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№219 (22.627) • 2013 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 9, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр сомэ 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэм теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къалэнхэр игъэзэщIэну и пщэ иIахьэм **Шэ Мэчрэ**Iиа **Нухьмэн и къуэм.**

2. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2013 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м*
*№172-УГ*

# КъБР-р электрон Iэмэпсымэхэр нэхъыфIу къэзыгъэсэбэпхэм ящыщ

**Апхуэдэу щыжаIаш псэукIэмрэ хьарычат лэжьыгъэмрэ егъэфIекIуэным хуэгъэзэнуэ хьыбгерегьашIэ технологиехэр къэгъэсэбэпыныжкIэ Правительствэм и комиссэм и зэIущIэу УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Медведев Дмитрий вэсэмахуэ иригъэкIуэкIаи.**

ВИДЕОКОНФЕРЕНЦЫМ хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсени. Къэгъэльэгуапхъэщ къэрал властым и федеральнэ органхэм электрон IэмалхэмкIэ ядэлэжьэныкIэ УФ-м и субъектхэм ящыщу КъБР-м еплIанэ увыпIэр зэрыIагъыр.

Медведев Дмитрий конференцым хэтахэм ягу кьиГэжьыжащ электрон правительствэ къызэгъэпэщыныжкIэ федеральнэ, щыналъэ унафэщI органхэм лэжьыгъэ пыухыкIа зэрыраГэкIуэкIар икIи электрон тепльэ яIэу цIыхухэм хуащIэ Iэзэхутхьэбзэхэр нэхъыбэ зэрыхъуар. Апхуэдэу щыт пэтми, Правительствэр арэзыкъым инновацхэм зэрыхуэкIуэ псынщIагъыныкIэ. «Дэ зэтедгъэувэн хуейщ къэралым зыпащIэныжкIэ цIыхухэм я дежкIэ нэхъ къезэгъ Iэмалхэр. Апхуэдэм деж къэралым и цIэкIэ къэувыр электрон правительствэщ. Апхуэдэу щыщыткIэ а Iэнатlэр зэкъуэту, къытызогъэзэжри, Iыхьэ-Iыхьэу мыгувшауэ, атIэ зэкъуэту щытми хуейщ», - жиIащ Правительствэм и Iэтащхьэм икIи конференцым хэтахэм гъэзрыгъэуурэ еупщIащ зэфIагъэкIаихэмкIэ.

Премьерым жиIащ Къэрал Iэхэутхьэбзэхэм я портал зэгуэтым зэрызэпщрагъэтх хабзэхэр нэхъ къызэрыгъэкI щIыным тегухуа унафэм зэпуэгъуэ маздэм Iэ зэрыщIидзар.

Видеоконференцым апхуэдэу щыхэплъащ къэрал къупльхуэр зезыхьэ лэжьакIуэхэр зэрагъэхьэзырымрэ Iэнатlэхэм зэрагъэувымрэ. «Цыхуэхэм Iэмал яIэн хуейщ къэрал органхэр лэжьакIуэкIэ къызэрызгъэпэщам, яхуримыкъу къупльхуэщIэхэм ятеуухуа информацэм сытым дежи щыгъуазэ защIыну»,- кьыхигъэщхьэхукIащ Медведев Дмитрий.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

# Къанокъуэ Арсен и тыгъэ

**Спорт лэжьыгъэм жыжэру зэрыхэтым икIи сабийхэр гъэсэным зэрегулъуэм папщIэ Аруан районым и ныбжьыщIэ спорт школым и унафэщI, Абхъаз Республикэм щыхьэзиIэ и тренер Зрум Леонид республикэм и Iэтащхьэм автомашинэ тыгъэ хуищIащ.**

ЗРУМ Леонид 1969 гъэ льандэрэ цыкIуэхэр спортым хуегъасэ. А зэманым кьурыбыдэу абы бэнэжьэ хуитымкIэ спортым и мастеру 18 игъэхьэзыращ. Ар 1989 гъэ льандэрэ эи пашэ сабий-ныбжьыщIэ школу Аруан районым щыIэр бэнэжIэ хуитымкIэ Урысейм и школ нэхъыфIхэм ящыщу зыбжанэрэ кьалытаи. А школым зыщызыгъэсахэм республикэ, урысейпсо, Европэ, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм увыпIэ льагъэхэр щаубыдащ. Спортым ехьулIагъэхэр зэрыщащIэм кьыдэкIуэу, абихэм я нэхъыбэр зыпэрыт Iэнатlэм хуэIэкIуэльаькIуэ IэщагъэлI, районым республикэми пщIэшхуэ щызиIэ щыхъ хьуащ.

Ильэс куэд льандэрэ хьарзынэу, зэрылажьэм папщIэ Зрум Леонид КъБР-м и Щыхь тхылыр кьыхуагъэфэщащ, «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и отличник» цIэр кьыфIащащ. Республикэм и Iэтащхьэм и цIэкIэ автомашинэр гъэсакIуэм иритыжащ Аруан районым и щыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Антемыркан.

**СОКЪУР Риммэ.**

# Iэтащхьэм и дэIэпыкъуныгъэ

**Налшык щыщ Ирыгу Лианэ сабимтку иIэщ. Ахэр зыхуэй хуэбгъэзэну зэрымыгъэшыр хэт дежкIи гурыIуэгъуэщ, унагъуэр зыщIэс фэтэрыр пщIэкIэ къызэрищтэр къэплъытэмэ. Псом хуэмыдэу абыхэм я Iуэхур гугъу хъуащ сабийхэр школым зэрыщIэтIысхьэжьынум щыхуагъэхьэзырым. НэгъуэщI хэкIыпIэ имыгъэуту, щIыхубзым республикэм и Iэтащхьэм лъэIукIэ зыхуигъэзащ икIи абы щыгъуэ нэхъ хохауэ зыхуейхьажкIа абы дэIэпыкъуауэ щытащ.**

АПХУЭДЭ гулыитым и жэуапу Ирыгу Лианэ Къанокъуэ Арсен къыхуигъэхьа тхыгъэм итщ: «Дэ сабий щыгъынхэр, унагъуэ хьэпшыпхэр тыгъэ къытуэщIащ, щыкIухэм школ щIэтIысхьэжьыгъуэм ятедгъэкIуэдэн папщIэ ахъшэ тхухахащ. ФыщIэ ин пхузощI апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэм папщIэ».

Сабий куэд зэрыс, хуэмыщIаэ псэу унагъуэхэр апхуэдэ гугъуехьхэм нэхъыбэрэ зэрихэхуэм къыхэкIыу, абыхэм къаралыр хэхауэ якIэлъоплъ. Апхуэдэ унагъуэхэм зэпымыуу я нэIэ трагъэтIыну икIи ядэIэпыкъуну зыхуэфащэ ведомствохэм яхуегъэуфэ КъБР-м и Iэтащхьэми.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

# Олимп мафIэм Iуащхьэмахуэ къыпоплъэ

**Сочэ щекIуэкIыну Олимп зэхьэзэхуэм и мафIэр зыкIуэIэрахьну къалэу 128-м Налшыки яхэтщ. Дэнэ щIыпIи хуэдэу, ди республикэми а Iуэхум иджыпсту щыщIэдзауэ зыщыхуагъэхьэзыр.**

МАФIЭР зэIэпахьуэр зрикIуэну гъуэгуэр зэIуэпэщ щIыным, абыхэм щынагъуэнщагъэ къыщызэгъэпэщыным, концертхэр щатыну утыкухэр убзыхуным йогупсыс республикэм къыщызэрагъэпэща лэжьакIуэ гупым хэтхэр.

КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министрым и къуэдзэ Дауреченский Анатолий къызэрыджиIамкIэ, Олимп зэхьэзэхуэм и дамыгъэр Налшык къалэм 2014 гъэм щIышыдэм и 31-м къэсынущ. Къалэм хиубыдэу километр 19-кIэ ар зэIэпахьыгъэ къыщрахьэкIынущ цIыху 85-м: олимп чемпионхэм, республикэм щIэшхуэ зиIэ и спортсменхэм, гъуэзджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм, жылагъуэ лIыкIуэхэм, егъэджакIуэхэм, дохутырхэм, ухуакIуэхэм, гъэсакIуэхэм, екъакIуэхэм, ныкъудыкъуэхэм, пенсионерхэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым зегъэужьын и лъэныкъуэкIэ нэхъ зэфIэкIышхуэ къэзыгъэлъэгъуахэм.

Олимпиадэм и мафIэр Iуащхьэмахуэ и щыгум 2014 гъэм мазаем и 1-м нахьэсынущ республикэм и альпинистхэм икIи а дамыгъэр Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ бгыщхьэм Ольмезов Абдул-Хьэлимрэ Мэз Каринэрэ щалэтынущ.

**ГЪЭУНЭ Светланэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Альтуд Юрий Къамболэт и къуэм и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьэщыхьным и IуэхукIэкIэ

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и «а» пунктым и яго Iыхьэм ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIи**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Альтуд Юрий Къамболэт и къуэр, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм къыбгъэдэкIыу республикэ хэхыпIэ округ зэгуэтым щыхахам, и полномочиехэр нэхъ пасэу, 2013 гъэм эпуэгъуэм и 22-м щегъэжьауэ, щхьэщыхьн.

2. Альтуд Юрий Къамболэт и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым къыхэгъэкIыжын.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ**

**ЧЕЧЕНОВ Ануар**

*Налшык къалэ*
*2013 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м*
*№1677-П-П*

● ЩэкIуэгъуэм и 10-р УФ-м и МВД-м и лэжьакIуэм и махуэщ

# ВАСИЛЬЕВ Сергей: Республикэм щыпсэухэм я шынагъуэншагъэр къыззгъэпэщынырщ ди къалэн нэхъыщхьэр

***Террор шынагъуэр нэхъ мащIэ хуэмени, Къэбэрдей-Балъкъэрым щытыкIэр иджыри гугъуу къыщонэж. Я махуэшхуэм ирихьлIэу дызыIущIа къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкi Министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-майор ВАСИЛЬЕВ Сергей республикэм щызэфIэува щытыкIэм теухуа и гупсысэхэмкIэ къыщдэгъэщащ.***

**- Мужрей зэманым республикэм террор шынагъуэр щагъэмэщIащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм зыкъыщызыIэт бзаджащIэ гупыр ирагъэкIуэтащ. Зэман кIэщIым ар дауэ зэвгъэхъулIа?**

- Террор шынагъуэр республикэм щагъэмэщIэныр кьрикIуащ хабзэхэмэхэр зэкъуэту зэрызэдэлажьэм, льаухэм щыпсэухэм закьызэрытщIагъакъуэм. Нэхьыбэм кьагуроIуэ экстремизмэм кьрикъуэнур.

2011 гъэ льандэрэ министерствэм и унафэщIэр хэтащ оперативнэ штабым и Iэтащхьэм игъэува терроризм пэщIэтыныкIэ Iуэхугъуэ 34-м, Iуэхугъуэ хэхауэ 274-м. МВД-м, КПФЩI-мкIэ Управленэ нэхъыщхьэм и Iэнатlэхэм, Урысей ФСБ-м я кьару зэкъуэткIэ бзаджащIэ гупым я Iэтащхьэхэм, хабзэм кьемызэгъыу Iэщзкъэ зэщIэуэзда гупхэм ящыщхэм я лэжьыгъэр къызэпаудащ, щIэпхъаджащIэ 250-м щIигъу яубыдащ. Абыхэм я мыльку хэкIыпIэр, терроризм екъэлIа Iэмалхэр ягъэхьэзырыныр къызэпыудыным теухуа лэжьыгъэ идогъэкIуэкI.

Iэщэ гъэтIылъыгъэу 119-р, НВФ-м хэтхэм пIалъэ кIыхьым тещIыхьа я егъэзыпIэу 33-рэ, кьагъуэу Iэрыщ Iэмэпсымэхэр щагъэхьэзыр лабораторэ цыкIуу 8 кьыщIэдгъэщащ. СВУ-хэр кьагъэуэныр 24-рэ къызэпыдудащ. Абы и лъэныкъуэкIэ щыткIэр иджыри гугъу къэнэж. Экстремист, террор хьэгъэщагъэхэм япыщIа цыху 50-м щигъуи я хэщIапIэр яубзыху. Я жыджэрагъым хамыгъэщIу ди лэжьакIуэхэр хабзэмрэ республикэм щыпсэухэм я шынагъуэншагъэмрэ я къэзыгъэпэщынырщ ди къалэн нэхъыщхьэ.

- КъБР-м щыIэ МВД-р сыт щыгъуи хьэзыру щытыным зэман куэд щIауэ тетщ. Абы психологие и лъэныкъуэкIэ унафэщIхэм я сакъыныгъэр къимыгъэтIэсхьэну пIэрэ?

- Ди къулыкъым кьеГэлъагъуэ сыт щыгъуи дыхьэзырын хуейуэ. Милицэм и органхэр полицэм щыхуэкIуэм кьыхэхьыныгъэр ткIийуэ щытащ. Псом япэ ирагъэщащ хабзэ, хьэл-щэн льагэ яхэлъныир, я Iэщагъэм хащыкIыныр, зыбгъыкIэр. Гулыитэ нэхъыщхьэ зыхуащIахэм ящыщщ пщэрыльть кьытращIа кьалэнэхэр гугъуехьым кьыпимыкIуэту ди офицерхэм зэфIахыныр.

*(КIэухыр 3-нэ нап.).*

● АПК

# Нартыхур Iуахыж

**Махуэ уэфкIэр кьагъэсэбэнрэ, Дзэлыкъуэ районым и нэкьумэщыщIэхэм губгъуэ лэжьыгъэхэр щIагъэхуабжьэ.**

АБЫХЭМ нартыху гектар 14354-м щыщу гектар 8200-р гъавэу Iуахыжащ. Малкэ кьуажэм и мэкъумэшыщIэхэм игъэкIа гектар 2600-м нэблагъэм щыщу нартыхур гектар 1500-м кьыщыдачьыжащ. Мы пьавэр Iухыжын яуахащ Псынэдахэ кьуажэм и лэжьакIуэхэми.

Иджыпсту районым и губгъуэхэм бжьыхьэсэ кьэкIыгъэхэр щыхасэ. А лэжьыгъэр щIэтэхъуэбжьауэ щокIуэкI Псынэдахэ, Сведловодскэ, Шордакъ къужьхэм. Нобэм ирихьэлIэу бжьыхьэсэ кьэкIыгъэхэр гектар мини 2500-м щигъум хапхъьащ.

**БЖЬАХЪУЭ-КЪУПАШ Маринетэ.**

**Щоджэнщыкъу Алий и щIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым къыхуагъэфэщащ адыгэ-абхъаз театрэхэм я «Наш кавказский меловой круг» IV дунейпсо фестивальм, мужьыбгъэ Адыгейм щекIуэкIаям, и саугъэт нэхъыщхьэр.**

ФИГУ КЪЭДГЪЭКIЫЖЫНЩИ, Толстой Алексей и «Орел и Орлица» пьесэм Урысейм гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Фыдзэ Руслан зыгъэпсащ. Абы и къэпщытакIуэхэр зэрыщIэлъ. Тостой Алексей и IэдакъэщIэкIым къытращIыкIа спектаклым екъуIэныгъэ иIэщ. Зи Iэщ Iатэ Iэм фIыуэ хэзыщIкIыу абы кIэлъыплъэхэм зы жьэу зэрыжаIэщи, театр гъуэзджэм утыку кьыщрахьа мы художественнэ тхыгъэр Къэбэрдей театрым гукъинэжу, екъулIэныгъэхэшхуэ иIэу игъэуваща.

**ГЕРАСИМОВЭ Риммэ.**

● Хъыбар гуапэ

# Адыгэ артистхэм я екъулIэныгъэ

хъэрэ - Аланием, Абхъазым, Адыгейм, Краснодар кьалэм я Iуэхущ Iапl эхэр. «Цыхухъу роль» нэхъыфI» саугъэтыр къэпщытакIуэхэр зэдэзарэзыуэ хуагъэфэщащ Грозный Иван и ролыр зыгъэзэщIа Щыбзыхьуэ Басир.

Толстой Алексей и IэдакъэщIэкIым къытращIыкIа спектаклым екъулIэныгъэ иIэщ. Зи Iэщ Iатэ Iэм фIыуэ хэзыщIкIыу абы кIэлъыплъэхэм зы жьэу зэрыжаIэщи, театр гъуэзджэм утыку кьыщрахьа мы художественнэ тхыгъэр Къэбэрдей театрым гукъинэжу, екъулIэныгъэ зэшхуэ иIэу игъэуваща.

**ГЕРАСИМОВЭ Риммэ.**

● Гъуэгуэр

# Лъэмыжыр зэрагъэпэщыж

**«Кавказ» федеральнэ гъуэгум и Р-217 Iыхьэм хуэзэу Щоджэмпсым тель лъмыжыр ремонт щIыным екъэлIа лэжьыгъэхэр и кIэм нэсащ.**

АВТОМОБИЛЬ гъуэгухэмкIэ Кавказ Iщхьэрэ управленэм и нэIэ тету «Автомостстрой» ООО-м кьалэн щащIа уухэныгъэхэр кьыхуагъэува пIалъэм фIэмыкIыу кьрихьэлIаш: лъэмыжыр зыIыгъ гъущI-бетон пкIыгъуэхэмрэ ар гъуэгум пызыщIэ «плитэ» гъэжаехэмрэ щIэкIэ яхьуэжащ. Апхуэдэу зэрагъэпэщыжащ псы кьеуалIэхэр зэрызэпыгъэлыкIа ухуэныгъэхэр.

«ЩIуэ тральхьа асфальтымрэ бетонымрэ ябгъуэхэм псы жапIэщIэхэр хуащIащ, уэшхыпсымрэ уэсыпсымрэ гъуэгум темыльадэн хуэдэу», - кьыджиIащ Кавказ Iщхьэрэ автомобиль гъуэгухэмкIэ управленэм и инженер нэхъыщхьэ Волков Петр.

КъэпщытакIуэхэкIэ щыгъуаэз дызэращIамкIэ, щIэуэ зэрагъэпэщыжа лъэмыжым сыт хуэдиз транспорт бжьыгъэри, машинэ хьэлъэхэри тыншу ишэчынущ.

**КIАРЭ Элинэ.**

ЗэIущIэхэр • Узымыщагъэ • ЩэнхабзэI • Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

ЩIыуэпс • Щбэт кьыдэкIыгъуэ • Малъхъэдис

## МЫ МАХУЭХЭМ

ЩэкIуэгъуэм и 9, *щэбэт*

**●Фашизмэм, расизмэм, антисемитизмэм щебэн дунейпсо махуэщ**

● Камбоджэ пащтыхьыгъуэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - къэрал щхьэхуэ щыхьуар егъэльапIэ.

● 1900 гъэм урысеидзэм Маньчжуриер кьыщтащ.

●1911 гъэм япэ парашютыр яГъэунэхуащ.

● Москва щекIуэкIынущ «Дунейм и пщащэ нэхъ дахэ дыдэ»-2013» эпеуэр.

●Адыгей усакIуэ **Хьэлыш Сэфарбий** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

●УФ-м и цIыхубэ сурэтыщI, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Красноярск щыIэ художественнэ институтым и профессор, РАХ-м, ЩIДАА-м я академик **Пащты Герман** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 2 - 4 щыхьэнущ.

ЩэкIуэгъуэм и 10, *тхьэмахуэ*

**●ЩIэныгъэр мамырыгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ хуэлэжьным и дунейпсо махуэщ**

**●ЩIалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ**

**●УФ-м и МВД-м и лэжьакIуэм и махуэщ**

**●Бухгалтерым и дунейпсо махуэщ**

● 1741 гъэм Черкасский Алексей (адыгэщ) Урысейм и яп э канцлер зэрыуваш.

●1982 гъэм Брежнев Леонид дунейм ехыжащ.

● Социалист Лъжьыгъэм и ЛIыхъужь **Къалмыкъ Хьэжмурат** къызэралъхуэр илъэс 87-рэ ирокъу.

● Журналист, тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шыбзыхьуэ Мухьэдин** къызэралъхуэр илъэс 80 ирокъу.

● Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ректор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къарэмырзэ Барэсбий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

● Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шал Тимур** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 7, жэщым градуси 5 - 6 щыхьэнущ.

ЩэкIуэгъуэм и 11, *блыщхьэ*

●ЩIэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ я дунейпсо тхьэмахуэм щедзэ.

●Польшэ Республикэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - къэрал щхьэхуэ хьужащ (1918).

●Урыс тхакIуэшхуэ **Достоевский Фёдор** къызэралъхуэр илъэси 192-рэ ирокъу.

● Полковник, Бэракъ Плъыжь орденэу 6 зрата **Шемякин (Кьардэн) Михаил** къызэралъхуэр илъэси 105-рэ ирокъу.

● Совет Союзым и Лыхъужь, генерал-майор **Кьардэн Кьубатий** къызэралъхуэр илъэс 96-рэ ирокъу.

● КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гальперин Григорий** къызэралъхуэр илъэс 93-рэ ирокъу.

●Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор **Жанджорий Юрий** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

●Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор, УФ-ми КъБР-ми мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Хьэмыкъуэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

●Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къумбочкуэ Iэдэм** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 11, жэщым градуси 5 - 6 щыхьэнущ.

*Зыхьэхьэрир* **ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Мариэтэ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Уи благъэ уемыпэгэкI - уи бийм благъэ хуэхъунщ.**

# Ди къуэш республикэхэм

Лэжьыгъэ IуэхукIэ

АБХЪАЗ. *СНГ-м хьыхь къэралхэм, Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ ядэлэжьэныкIэ Урысей Федерацэм и Президентым и управленэм и унафэщI Говорун Олег лэжьыгъэ IуэхукIэ Сыхьэм кIуащ.*

ГОВОРУН Олег Абхъазым и президент Анкваб Александр хуэзащ. Ахэр тепсэльыхьащ лъэныкъуитIым я зэдэлэжьэныгъэм и уиэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм.

## «Теберда-Домбей» газ бжьамийр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *2014 гъэм «Теберда-Домбей» газ бжьамийр укъуэдпин щIадзэнущ. Абы Урысейм щыцIэрыIуэ бгылъэ курортыр щыиупс гъэсыныпхъэмкIэ кьызэригъэпэщынущ.*

КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид зэрыжиIамкIэ, «Архызэ» курортым жьыдэру зрагъэужь, Домбейри ящыгъупщэркым. Иужьрей илъэс 20-30-м псальэмакъым фIэмыкIа а гуГэр ижмы Iуэхум хуэжьауш. Ифдэмыпсту Теберда ауэым газ кIуэцIрокI. Илъэсыщым «Теберда-Домбей» газкIуэпIэр, ухуэн щIадзэнущ. Темрезовым кьызэрыхигъэщамкIэ, абы Домбей курорт жьылагъуэм нэхъри зригъэужьынущ, экологиер нэхъ хьума хьунущ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

● Футбол

# Фыдогъэблагъэ!

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и яп э дивизион***

**ТIощIр ещанэ джэгуГуэ**

**«Спартак-Налшык» - «Сибирь» (Новосибирск)**

**Налшык. «Спартак» стадион. ЩэкIуэгъуэм и 10. Сыхьэт 16-м.**

● КъБР-м и Парламентым

# Жэрдэм зыбжанэ къыхалъхьэ

**КъБР-м законхэр кьыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ республикэм и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар. Депутатхэр хэпльащ федеральнэ закон зыбжанэм я проектхэм зэреплъым теухуауэ УФ-м и адрей субъектхэм я парламентхэм кьагъэхьахэм, апхуэдэу закон щхьэхуэхэр кьыдэгъэкIынымкIэ абыхэм кьыхалъхьа жэрдэмхэм.**

АПХУЭДЭ жэрдэмхэм ящыщщ «Нэгъэущ кьэралхэм я цIыхухэм Урысей Федерацэм щаIэ хуитынигъэхэм я Iуэкуклэ» Федеральнэ законым и 13-нэ, 13.1-нэ статьяхэм зэхьуэкIынигъэхэр хэлъхьэныж теухуауэ Ленинград областым и Законубзыху зэIущIэм игъэхьэзыра документыр. Законодательствэмрэ кьэралухужкIэмкIэ комитетым хэт Кебеков Владимир зэрыжиIамкIэ, зэхьуэкIынигъэхэр яхуэзэащI нэгъэущI кьэралхэм я цIыхухэр лэжьапIэ Iэнат<эм щыпэрт зэманым кьриубыдэу, УФ-м и Правительствэм зэригъэувам хуэдэу, лэжьапIэ зытым ахэр зыхэпсэукIын ахьшэкIэ, псэупIэкIэ, медицинэ IэхъутхьэбзэхэмкIэ кьызэригъэпэщыну зэрикьалэным. Апхуэдэу нэгъэущI кьэралхэм щыщ цIыхухэр ди деж щылэжьэну хуит ящIын папщIэ, абыхэм я щIэныгъэм, Iэщlагъэм ятеухуэ зыхуэфащэ документхэр яIэн хуейуэ кьалэн щащI.

- Мы жэрдэмыр дэтIыгъын хуейуэ кьызэольытэ, - жиIащ Кебеков Владимир. Президиумым хэтхэр абыкIэ акъылэгъу хъуащ.

Депутатхэр апхуэдэу хэпльащ Урысей Федерацэм щрагъэкIуэкI сату лэжьыгъэр кьэралым зэблигъэкIынымкIэ жэрдэмым, абы кьыдэкIуэу дабыгащ щэнхабзэ хьугъуэфыбгъуэхэм хигубыдэу кьалыгъэ хуэунигъэхэр фIэкIынIэ имыIэу страховани кьызэщIегъэубыдэным теухуауэ УФ-м щэнхабзэмкIэ и министрым зэрызыхуагъаазэр.

Зэчэнджэщыкри, депутатхэм унафэ кьащтащ граждан жылагъуэ Iуэхущlапlэхэм зегъэужьыным куэд зэрыхищIыхьам папщIэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и пенсионерхэм я союз» жылагъуэ зэгуэныгъэм хэт Мэкьуауэ Владимир Хьамыщэ и кьуэм, уху унигъэхэр псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ я Iэнатlэм екъулIэныгъэ инхэр зэрыщIэм папщIэ КъБР-м и Прохладнэ муниципальнэ районым и щыпIэ администрацэм уху унигъэмкIэ, промышленностымкIэ, энергетикэмкIэ, связымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и кьудамэм и унафэщI Махонин Дмитрий Анатолий и кьуэм, цIыхухэм я хуитынигъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщыныкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэным папщIэ КъБР-м и Налшык нотариальнэ округым и нотариус Кьарэ Iэмин Юрий и кьуэм КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхьылъыр етыным теухуауэ.

# Мэремыкъуэ Арсен дзыхь ирагъэз

**КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэIущIэм Законодательствэмрэ кьэрал уху-кIэмкIэ и комитетым и унафэщI щыхахащ Мэремыкьуэ Арсен.**

АР ИЛЪЭСИБЛЫМ щIигъуауэ депутатщ икIи республикэм парламентаризмэм зыщегъэужьыным куэд хищIыхьащ. Мэремыкьуэ Арсен жыджэру йолэжь Къэбэрдей-Балькъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэр щIэгъэхуэбжьэныкIэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ законхэр зэхэлъхьэныр ахэр пхыгъэкIыныр.

Мэремыкъуэ Арсен Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и депутату хахащ «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ къудамэм кьыбгъэдэкIыу. Ар Аруан районым хьихьэ Лэскэн Етlуанэ къуажэм 1960 гъэм кьыщалъхуащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэщ, инженер-механик, экономист Iэщlагъэхэр зригъэгъуэтащ. Къэбэрдей-Балькъэр агромелиоративнэ институтыр, Къэбэрдей-Балькъэр кьэрал университетыр кьиухащ. Мэкьумэш хозяйствэр механизацэ, электрификацэ щIыныкIэ Челябинск дэт институтым и аспирантурэм щеджащ икIи иужькIэ техникэ щIэныгъэхэм я кандидат, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор хъуащ.

Иужьрей ильэсхэм Мэремыкьуэ Арсен КъБР-м и Парламентым Экологиемрэ щIыгъэпсыр кьагъэсэбэпныныкIэ и комитетым и унафэщIым и кьуэдзэу щытащ, абы кьыдэкIуэу Аграрнэ политикэмрэ щIы IуэхухэмкIэ комитетым хэтащ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.*

● Къэпщытэныгъэхэр

# Дэтхэнэми егъэщIылIауэ

**Республикэм и прокурорым и кьуэдзэ Лаврешин Юрий яхуэзащ УФ-м Социальнэ страховани кIэмкIэ и фондым КъБР-м щиIэ кьудамэм и унафэщI Инджыкокьуэмрэ абы и кьуэдзэ Романовэмрэ.**

ЗIУЩIЭР теухуауэ щытащ цIыху щхьэхуэхэм псэуныгъэкIэ зыщIагъэкъуэным теухуа хабзэхэр республикэм зэрыщагъэзащI щIыхьэр прокуратурэм кьыззэрипщытам.

Лъэныкъуэхэр зэгурыIуащ зыхуэфащэ псоми Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэным хуэгъэзауэ зэгъэусу зэфIагъэкIыным теухуауэ.

ЦЕКЪУ ПIатI.

● Узыншагъэ

# Дохутырхэм чэнджэщ ят

**Инсультым пэщIэтыным и дунейпсо махуэм Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ республикэ центрым кьекIуэлIа сымаджэ псоми я щытыкIэр кьапщытащ, чэнджэщхэр иратащ.**

КъБР-м Узыншагъэр хьумэныжрэ курортхэмкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ екIуэкIа а Iуэху щхьэхпэм хэтащ Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ центрымрэ КъБКъУ-м неврологиемкIэ и кафедрэмрэ щылажьэ дохутыр нэхъыфIхэр. IэщlагъэлIхэм цIыху 60-м щIигъуи я узыншагъэр кьапщытащ, дэтхэнэми аджкIэ зэрызрагъэIэзэнум теухуауэ зэхэхауэ епсэлIапIащ. КьищынымащIауэ, апхуэдизрэ цIыху бжыгъэм телефонкIэ чэнджэщ ираташ КъБР-м Узыншагъэр хьумэныжрэ курортхэмкIэ и министерствэм и неврологхьэ-Iьэпщкьуэ Ларисэрэ Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ центрым и унафэщI Кьужокей Заурбэчэрэ. Инсульт зиIа нэхъ сымаджэх хьэлъхьэм я унэм дохутырэр кIуащ.

Кьужокей Заурбэчи и псальэхэм кьаэзэрыхэщамкIэ, ирагъэкIуэкIа Iуэхум кьигъэлъэгъуащ я Iуэхущlапlэмрэ поликлиникэхэмрэ нэхъ гъунэгъуэу зэдэлэжьэн зэрыхуейр, сыт щхьэкIэ жыпIамэ, инсульт зиIэ сымаджэр зэпымыууэ дохутырым и нэIэ щIэту, абы и чэнджэщхэр игъэзащIэу щытыпхьэщ. IэщlагъэлIхэр телефонкIэ зэпсэлъахэм ящыщ зыбжанэм чэнджэщ ираташ Iэмал имыIэу дохутырым зыхуагъэзэну. «Кьуэдым ягу кьэдгъэкIыжьым хуей хьуащ инсульт нэужьым адэкIэ псэуху хущхьуэ зрахьэлIэн зэрыхуейр. Узым кьыхимыгъэзыхьмэ, цIыхухэм ар зэрымыщ. Аращи, я щхьэ зэрыхуэмысакьыжьым кьыхэкIыу, узми кьытрегъэзэж», - жиIащ Лъэпщкьуэ Ларисэ.

КъБР-м узыншагъэр хьумэныжрэ курортхэмкIэ и министр Шэт Ирми хэтащ Iуэху щхьэпэм, абыи сымаджэ зыбжанэм я узыншагъэр кьинпщытащ. «Ди жагъуэ зэрыхъунщи, инсульт узыфэмкIуэ пэтми нэхъ зеубгъу, - еплъхитэщащ абы. - Нэхъапэм абы хигъашIэр зи ныбжьыр нэхъ хэкIуэтахэрауэ щытамэ, иджы илъэс 40-м нэмысасхэми ар яхуэльэщ. Абы щхьэусыгъуэ мащIи иIэкIыи, псом япэрауэ, тутын ефэныр, зэхэзекIуэшхуэ ямыIэу я гъашIэр зэрырахьэкIыр, тэмэму зэрымышхэр, нэгъэущIхэри. Фошыгъу узым, лы дэуейм, щэ лейм - абыхэм псоми цIыхум и Iэпкьлъэпкым и кьарур щIах икIи я гъашIэм кьыщыхъу зэхьуэкIынигъэ нэхъ мащIэ дыдэми, лыынтхэу узыфэхэр кьыхохI. Абы ипкъ иткIэ, дэтхэнэри кьыхузоджэ хьэл мыхьумышIэхэр зыхаIэну узышIэну псэуным зыхуагъэсэну».

ЩОМАХУЭ Лилие.

● Гулъытэ

# ФIыщIэ яхуищIу

**КъБР-м хьыбарегъащIэ IуэхущlапlэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгъэлъэныгъэхэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин Лэскэн районым хьихьэ Аргудан кьуажэм кIуащ, республикэм и зыужьныныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа цIыху гуащIафIэхэм фIыщIэ яхуищIыну.**

IЭРАМЫСЭ Ленэрэ Гъажэ Анусэрэ гуфIэгъэшхуэ ящыхьауад министрыр кьаэзэрыхуеблагъар. «Кавказ Ищхьэрэм ис цIыхухэр адрейхэм кьахощ нэхъыжьым пщIэ зэрыхуащIымкIэ. Фэ махуэ кьэс кьыфхуокIуэ Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ, фи чэнджэщ хуэныкъуэ яхэту кьыщIэкIыну. Абы кьеГъэлъагъуэ фи гъашIэр купщIэншэу зэрыщIымытар», - жиIащ Къумахуэм.

Бысымхэм зыщIэм хуаIуэтэжащ я гъашIэм щыщ Iуэхугъуэхэр. Iэрамысэ Ленэ ильэс 45-кIэ кьуажэ советым и администрацэм секретарь, ЗАГС-м и лэжьакIуэу щытащ. А зэманым кьриубыдэу, абы итащ кьызэрыгъэльэхьмкIэ щыхьэт тхьылъ 4.700-рэ, нэчыжь тхьылъ 2.644-рэ. Дзрбэзэр Гъажэ Анусэ ильэс куэдкIэ щыхуэхэм сэбэп яхуэхьащ.

«Ди нэхъыжьхьэм я дежкIэ псом нэхъ лъапIэр гулыытэщ. Ящэ дитщ псальэрэ Iуэху гуапэкIэ аэрэ щIэх-щIэхьыурэ зэрыдгъэгуфIэнымэ», - жиIащ Iэскэн районым Цыхухэм социальнэ хуэмыдэныгъэ яхуэзэфIэхьыныжкIэ центрым и унафэщIым и кьуэдзэ Бозий Иринэ.

Къумахуэ Мухьэдин щрагъэжьэжьым, нэхъыжьхэм фIыщIэ хуащIащ республикэм и унафэщIхэм гулыытэншэу кьызэрамыгъанэм папщIэ.

Фигу кьэдгъэкIыжьищи, мазэ псокIэ ирагъэкIуэжьыну «Гулыытэ» Iуэхум ипкъ иткIэ, Нэхъыжьхэм я дунейпсо махуэм папщIэ кьызэрагъэпэщым, кьэрал къулыкъущIэхэри жыджэру хэтащ.

МЫРЗЭКЪАН Дисэ.

● Юбилей

# ЛIэщIыгъуэ ныкъуэ

**Урысейм Тезырхэр ирегъэхьэкIыныжкIэ и федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и следственнэ изоляторым щагъэлъэпIащ Урысейм и СИЗО-мрэ тутнакъэщхэмрэ я лэжьыгъэ кьызэзыгъэпэщ Iэнатlэр ильэс 50 зэрырикъу.**

НАЛШЫК кьалэм и СИЗО №1-м и унафэщI кьэрал кIуэцI къулыкъум и подполковник Солодовников Владимир зэхьыхьэр кьызэIуихри, Iэнатlэм и иджырей лэжьакIуэхэм сыткIи я щапхъэ, зи кьалэнэмкIэ хьалэмэу, пщIэрэ щыхьэрэ яIэу езыхьэкIа ветеранхэм фIыщIэ яхуищIащ. Зи махуэшхуэр зыгъэльапIэхэм псальэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ.

- Жылагъуэ шынагъэншагъэр ельытащ фи лэжьыгъэм фызэрызыхьэзэщым, фи Iэщlагъэм зэрыкъуэфIыкIым. А псоми ящыщкIуэ, ар жэуапльныгъэшхуэщ, пщIэ зиIэщ, - кьыхигъэщащ абы.

- Дэтхэнэми фи кьалэн мытыншым фызэрехьулIэм папщIэ фIыщIэ фхуэощI, фи махуэшхуэмкIэ сынывохьэхьу, - яжриIащ зи махуэшхуэр зыгъэльапIэхэм КъБР-мкIэ УГС-м и ветеран, отставкэм щыIэ полковник Нэгумэ Мухьэмэд.

Ветеранхэм уголовнэ-гъэззыщIакIуэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я кьалэныр зэхуэдэу кьызэгъэзащIэ зэрагуапэр кьыхагъэщащ, ушиет дахэхэмкIэ, чэнджэщхэмкIэ зыхуагъэзащ, я гукъэкIыжхэмкIэ ядзэгушащ. Нэхъыжьхэм хуэгъэза псальэ гуапэхэри зэпсэлъэм щыжаIащ, узышIагъэ яIэу куэдрэ апэ итыну екъуэхъуащ.

Урысей ФСИН-м и Iэнатlэхэм ящыщ къэлэлу кьалэм мытыншыр щэзыхьжкI лэжьакIуэ куэдым я махуэм щIыхь тхьылъэр хуагъэфащащ. Ветеранхэм хуагуэшащ фIыщIэ тхьигъэхэр, КъБР-м щыIэ УФСФИН-м и Жылагъуэ я совеетым щIыхь зиIэ и унафэщI Вэрокьуэ Владимир и тхьылъэр.

Махуэшхуэ зэхьыхьэм и кIэухэу ветеранхэм иджырей я щIэблэм я лэжьыгъэр зэрырахьэкIым щыгъуазэ защIащ. Iуэхущlапlэм и унафэщIым щыгъуэу хьэщIэхэм режим корпусыщIэмрэ административнэ унэщIэмрэ зыщапIыхьащ.

ЗЭБАР Мадинэ.

Ладюк Василий и уэрэд жыIэкIэм псори дихьэхат.

● Гъуазджэ

# Театр Иным и уэрэджыIакIуэр

**Симфоние макьамэм и дунейпсо фестивалу Темыркъан Юрэ и цIэр зезыхьэм и ешIуанэ зэIущIэм хьихьэу идкьыблагъэ Налшык щыкъэщащ Оперэщ театрымрэ (2003 гъэм щыщIэдзауэ) Урысейм и Театр Иныр (2007 гъэ лъандэрэ) я солист Ладюк Василий. Пианинэм еуащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист Покидченкэ Александр.**

ДИ КЪЭРАЛЫМ и баритон нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ музыкантым Кьэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм щIэзу цIыхухэр зэхуишэсат. Урысейм и мызакьуэу, нэгъэущI кьэрал куэдми кьыщацIыхуа уэрэджыIакIуэ щIалэр и лъэкIыныгъэкIэ иджыпсту щыщIэдзауэ ягъгъэдэтщ баритон лъэщхэу Лейферкус Сергейрэ Хворостовскийрэ Дмитрийрэ. Ладюк и макьыр адрейхэм кьащхьэщокI и щIэжьыуэ зыкьэхуэмрэ урыс оперэ уэрэджыIакIуэ школым и хабзэфIхэр пэжу кьыззэригъэсэбэпымкIэ.

Пщыхьыр езыгъэкIуэкIа Гуртуеев Лейлэ хьэщIэхэр кьызэзэхэсахэм яритъэщIыхуа нужь, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым абыхэм зэрызахуигъаэз тхыгъэм кьеджащ.

- ПщIэ зыхуэсщI ныбжьыгуфIхэ! Симфоние макьамэм и дунейпсо фестивалым и етIуанэ зэхьыхьэр абы зи цIэр зэрихьэ ди хэкуэгъу щIэрыIуэ Темыркъан Юрэ и ныбжьыр ильэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу зэрекIуэкIыр гуапэщ. Нобэрей концертыр зыт артистхэми ахэр ди кьалэм кьэзыша фестивалми фIэхъус фызох, - итт Фырэ Руслан и тхыгъэм. - Профессиональнэ макьамэ гуэрэджэм зи цIэр кьыхэщ музыкантэ Налшык кьакIуэхэм я бжьигъэм зэрыхэхъуэм дыщогуфIыкI, ар зи фIыщIэ фестивалри догъэлъапIэ.

Апхуэдэуи Фырэм кьыхигъэщащ Ладюк Василий и пшыхьым щэнхабзэм и лэжьакIуэхэри гуэрэджэм и фIыпIэхэм щыщ оперэ уэрэд жьыIэкIэм дихьэхэри зэрыпэлъапIэр, гуэхэхуэрэ дэрэжэгъуэрэ концертым кьыззэхуэсахэм яритыну зэригуапэри жиIащ.

Щэнхабзэ щэныгъэ нэхъыщхьэ зыбжанэ зыIэрызыгъэхьа щIалэр мызэ-мытIэу хэтащ урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэу куэдым. Псальэм папщIэ, Винньс Франсискэ и цIэр зезыхьэ зэхьэзэхуэм (Барселонэ) и Гран-при сауТъэтыр 2005 гъэм кьихьащ, «Опералия» XIII дунейпсо зэхьэзэхуэм (Мадрид) и япэ саугъэтыр кьыхуагъэфэщащ, уэрэджыIакIуэхэм я дунейпсо зэхьэзэхуэу Японием и Сидзуокэ кьалэм щызэхэтам щытетIыжащ.

Зи зэфIэкI льагъэр дунеи псом хэIущIыIу щыхьуа Ладюк Василий налшыкдэсхэмрэ кьалэм и хьэщIэхэмрэ я пащхьэ кьрихьащ Чайковский Пётр и «Пиковая дама», «Евгений Онегин» (Елецкэмрэ Онегинымрэ), Верди Джузеппе и «Трианата» (Жермон), Россини Джоакинэ и «Севильский цирюльник» (Фигаро) оперэхэм щыщ партиехэр, музыкэ спектакIхэм хэт ариехэр, романс цIэрыIуэхэр, нэгъэущI куэдри. Ладюк хуаIэт Iэгуаэу иныр, адэ-мыдэкIэ щызэхэпх «Гъуэгъэджэщ», «Егъэфiакlу» псальэхэр, зэрагъэлъапIэ удэ гъэгъа Iэрамэхэр щIыхьэт техьэуэрт абы и зэчийм зэрыдихьэхым, и макьыр зэрафIэтельыджэм.

ИСТЭПАН Залинэ.



*Сурэтхэр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● ЩIыуэпс

# Урысейпсо щIыхьэхум хиубыдэу

**Тэрч кьалэ дэт лицей №1-м егъэбыдыIа щIыпIэм, «Школыр къэзыуххэм я лъагъэ» зыфIащам, жылагъуэхэр иджыблагъэ щагъэтIысащ. Ар ехьэлIауэ щытащ, «Псэу, мэз!» урысейпсо щIыхьэхуэмрэ ежкIэлIэм щыыпсыр хьумэныкIэ куэд щIауэ кьыдекIуэкI хабзэфIхэмрэ.**

ГЪАТХЭ блэкIащ лъагъуэщIэр кьыщыынэхуар. Абы щыгъуэ, 9 - 11 классхэм щэхэм кIей, блашэ лIэужьыгъуэхэм щыщу, жыгыщIэ 80-м нэблагъэ щкол хадзэм щыхасащ. ХэмыкIэр мы бжьыкьым зэрахьэжкIащ, езы хьэсэхэми нэхъри зрагъэубгъуащ.

- Куей щIыналъэм щыщу, мэзым иныгыр процент 7 кьудейщ, - жиIэ «Тэрч мэзхьумэ» кьэрал кIэзонэ Iуэхущlапlэм и унафэщIым и кьуэдзэ Магомедов Алий. - Абы кьыхэкIкIэ, районым жыгыщIэхэр щигъэтIыскIыныр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэм ящыщу кьоув.

Курыт ежкIапIэхэм егъэщIылIа щIы Iыхьэхэм щхьэунтIагъэр зэбэкI тепльэ яIэу зегъэужьыным хуэунэтIауэ, Тэрч мэхьумэ хозяйствэм лъэныкъо пыухыкIа эофIегъэжьащ: школхэм жыгыщIэхэр кьарет, еджакIуэ щыкIуэхэм районым мэзым зыщегъэзыбгъуным мыхьэнэуэ иIэм теухуа дерсхэр ядгрегъэкIэжьащ.

● ЗэIущIэхэр

# КIэлъыплъыныгъэм щIэту

**Прохладнэ кьалэм и бизнес-инкубаторым щекIуэкIащ КъБР-м и экономикэм и уху-ныгъэ, транспорт IэнатIэхэм лэжьыгъэм егъэщIылIа хабзэхэр зэрыщагъэзащIэм теухуа семинар-зэIущIэ. Абы хэтащ республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм, социальнэ страховани и федеральнэ IэнатIэм, лэжьыгъэмкIэ инспекцэм, профсоюзхэм, Прохладнэ кьалэмрэ районымрэ я Iуэхущlапlэхэм я лыкIуэхэр.**

КЫЗЭХУЭСАХЭМ я гульытэ нэхъыщхьэр хуэгъэзауэ щытащ 2012 - 2015 гъэхэм «Лэжьэныныгъэ яIэ Iэмалхэмрэлэжьыгъэр зэрахьумэмрэ егъэфIэкIуэн программэу» 2012 - 2015 гъэхэм тещIыхьар гъэзэщIа зэрыхьуэм. Лэжьыгъэрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ министрым и кьуэдзэ Голочалов Николай кьыхигъэщхьэхукIащ программэм лэжьапIэ IэнатIэхэм фэбжь кьыщымыгъэхъуныем, лэжьыгъэр хьумэным егъэщIылIа Iуэхухэр нэхъыщхьэу зэрыщыгъуэр. Кьулыкъущхьэм и псальэхэм щIэтыным, мы гъэм и мазибгъуэм Iуэхущlапlэ 48-м кьыщапщытащ унафэщIхэу, Iэщlагъэлlхэу 689-р зи гугъу тщы хабзэхэм зэрыщыгъуазэр.

Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэ зэгуэтым и техникэ инспектор нэхъыщхьэ Бурко Ириндэ кьыхигъэбелджылкIащ мы IэнатIэм жылагъуэр зэрыкIэлъэплъ Iмалхэр зэрызэхальхьар. Лэжьыгъэр хьумэныкIэ комитетхэр (комиссэхэр) Iуэхущlапlэ 508-м щолажьэ.

# Къуажэхэм макIуэ

**КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм и хьыбарзехьэ-чэнджэщакIуэ пункт ягъэIэпхъуэм лэжьэн щIидзэжащ. Гупыр щыIащ Шэрэдж районым щыщ Къарэ-Су кьуажэм.**

УРЫСЕЙ зэкъуэт» партым и щыналъэ къудамэм и унафэщI, хэхэри яхэту, абы щыху 14 иригъэблэгъащ: хей ящIыкажэр, пенсионерхэр, бын куэд зиIэ анэхэр, егъэджакIуэхэр. УпщIэхэм я нэхъыбэр зыхуэгъэзар мазэ кьэс кьаIэрыхьэн хуей ахьшэр зыхуэдизырт. Бын куэд зиIэ адэ ныбжьыщIэ Толгуров Арсен щIэупщIащ дэIэпыкъунигъэ хэхарэ ани мыхьыкуэ зэрагъэуэтыну щыхьэм. Атабиевэ Джамилэ гурагъэльэщ бын куэд зиIэ унагъуэхэм щы зэрыхухэх щыкIэр. Гаевэ Фатlимэт газымкIэ кьытехуа щыхуэр хуэтыжкъркъым.

Iэщlагъэлlхэм зыкьыхуэзыгъэзахэр щыгъуазэ ящIащ зыIухьэну Iуэхущlапlэхэр зыхуэздэм. Къуажэм пхыдзам щыпсэуэхэм ирагъэтхащ псэуныгъэм егъэщIылIа телефон закъуэм и номерыр.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

● УпщIэ-жэуап

# Хэхъуэр зыхуэдизым емылъытауэ

**- Фи махуэ фIыуэ! Сэ си цIэр Сергейщ. Контрактлэ дзэм къулыкъу щызэщIэ. Зэхэсхащ дзэ къулыкъущIэхэм псэупIэхэр кьащIэхуэн папщIэ Къумахуэ Мухьэдин Лэскэн зэрыщагъэувар. Сыхуейт а щIыхьэмрэ дзэ къулыкъущIэм кьыIэрыхьэ хэхъуэхэмрэ зэрызэлъытар зэзгъэщIэну.**

ПЭЖЩ, мы гъэм и гъатхэм кьыщыщIэдзауэ «Урысейм и ХьумапIэ банк» ОАО-м и Кавказ Ищхьэрэ кьудамэм ярет «ЗауэIи ипотекэ». А кредитыр кьыIахьыфынущ мыльку зэхуэзыхьэс-ипотекэ хабзэм техьа дзэ къулыкъущIэ псоми.

Кредитыр зыхуэдизым и гугъу пщIымэ, ар ельытакъым щыхуэ кьеIыхьым е абы и унагъуэм яIэрыхьэ хэхъуэр зэрыхъум: щIыхуэр япшыныж къэралым дзэ къулыкъущIэм и цIэкIэ кьызэIуиха счет щхьэхуэмкIэ.

Банкым и Къбэрдей-Балькъэр кьудамэм и унафэщI Урысейм Хьэмидбий и псальэхэм ятепщIыхьмэ, абы кьыдэкIуэу «ЗауэIи ипотекэм» ефIэкIныныгъэ зыбжанэ иIэщ. Ипэраущ, ипотекэ кредит кьыIахьан папщIэ тхьылъу зэхуахьэсын хуейр кьуэд хьуркьым, етIуанэрауэ, зауэлIхэм псэупIэкIыщащхэу хъунущ езыхэм кьулыкъущащIэ щыIэныгъэм и дэтхэнэ щIыналъэмэ.

«ЗауэIи ипотекэ» кьыIахьным теухуа лъэIуэр щат хьунущ Урысейм и хьумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм Налшык, Прохладнэ кьалэхэм щиIэ Iуэхущlапlэхэм.

● ФщIэн папщIэ

# Пенсэхэм ехьэлIауэ

**ПенсэхэмкIэ кьэралым зыщIэгъэхьэным теухуа программэм ильэситхум кьриубыдэу цIыху мелуан 15-рэ мин 849-рэ хьыщащ.**

КЪЭРАЛЫМ программэм хэт псоми хуагъэувыну пенсэхэм яхущIигъэнущ, абыхэм ильэси 10-кIэ зэкIэлъыкIуэу гъэ кьэс сом 2000 нэхьрэ мынэхъ мащIэ халъхьэу щытмэ.

Программэм ипкъ иткIэ ятIэ зэхуэдизу халъхьэн хуейщ 2013 гъэм и кIэр кьэсыху. Мы хабзэр ильэлъс блэкIа ильэсхэм программэм ахъшэ хэзыльытыхьахэми. Ахъшэ зэрыхалъхьэну квитанцэхэр Урысейм и Пенсэ фондым и щыналъэ къудамэм кьыщрат е Пенсэ фондым и Интернет-сайтым кьрах.

Ялэ ахъшэр мы гъэр имыухыу халъхьэн зэрыхуейм кьыхэкIыу, Пенсэ фондым кьегъэльагъуэ апхуэдэ мурадкIэ зыкьыхуэзыгъэзэхэм я бжьигъэм хуабжьу зэрыхэхъуар. Псори зэхэту сом меларди 8,5-м щIигъу халъхьакIэщ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхэнэм ельытауэ сом меларди 5,5-кIэ нэхъыбэщ.

Пенсэ фондым апхуэдэу кьыхегъэщ фокIадзм и 30-м и иужькIэ программэм хэтхэм ахъшэ Iамыхьыж хуэдэу ягъэлухэр зэрыпщIыр. ЖыпIэну ирикьунщ зэпуэгъуэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ 28-р кьэсыху апхуэдэ ахъшэу сом мелард 1,75-рэ зэрызэхуахьэсар. Iуэхум и гъэувыкIэм кьегъэльагъуэ ильэсым и кIэм ахъшэу халъхьэхэр нэхъыбэ зэрыхъур. Псальэм и хьэтырIэ, 2009 гъэм и зы махуэм - дыгъэгъазэм и 31-м - ильэсым и япэ кварталым сом кьыхахам нэхърэ нэхъыбэ ахъшэ халъхьауэ щытащ.

Зэрыщыту кьащтэмэ, программэр зэрылажьэ зэман псомиа абы хэтхэм езыхэм я пенсэ кьэкIуэнум сом мелард 25-м щIигъу хуагъэтIылъащ.

*УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм и пресс-Iуэхущlапlэ.*

# Республикэм щыпсэухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынырщ ди къалэн нэхъыщхьэр

*(КIуэхыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)*

Зыщыгъэгъупщэн хуеи
кым ди лэжьыгъэмэ узыпл
мыплъэххэ ныкъусаныгъэх
ри къыщыхъункIэ щыпсэ
нур. Аращи, ди унафэщIх
ящыщ хэту зыгуэр къэхъу
мэ, ар сыт и лъэныкъуэ
нэсу зэпкърах, Iуэхум пIкIи
уэ щыбгъэдыхьи кIэхъ
Къыхэдгъэщынщи, Ветера
хэм я советыр ди унафэщIх
я къалэнхэр зэфIахьыныкъ
щIэтыжкъуэныщхьуэ мэхъу.

**- Илъэситі и пэкIэ щы**
**щытыкIэм епльытмэ, ноб**
**Къэбэрдей-Балъкъэры**
**щыпсэухэм нэхъ зэйуа хъуа**
**Ахэр зыгъэпсэхупIа парахъ**
**цIыхубэ зэхуэсыпIэхэм ма**
**кIуэ. Гу зылъыптэрщи, зыми**
**щымышынэу я сабийхэр**
**ящыгъуэ гущыхьэщхьэр хэ**
**кIуэтамэ къакIуэхь. Абы теу**
**хуаау сыт кьыджепIэнт?**

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къыхэгъэпэщыным илъэс къэс ди къарур нэхъри хуэзщIыдогъэуIуэ. ЩытыкIэм кьыззригъэлъагъэущи, террор шынагъуэм сыт щыгъуи ящэ ищу пэщIэтын хуейщ хабзэхьумэ �IэнатIэхэр, езы цIыхухэми гудзакъэ яхэлъыпхьыщ.

Республикэм и властхэм я органхэм ящыгъуу экстремизмэрэ терроризмэрэ пэщIэтынымкIэ, къемызэгъ идеологиер, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм я деж щыхапщэныр къызэпыудыныжмкIэ лэжьыгъэ пыуыкIа идогъэкIуэкI. Абы и лъэныкъуэкIэ Iуэхуэгъэ хэкъэхэр къызыдогъэпэщ, КБР-м и Мусулымэнхэм я дин IуэхущапIэм, адрей дин конфессиехэм, республикэм и жьлагъуэ зэгугъэныгъэ пэрытхэм зэдэлэжьэныгъэ зэгугъэныуэныгъэхэр етщIылIащ, КБР-м и еджапIэ нэхъыщхьэхэми пыщIэныгъэ яхуди Iэщ.

**- 2013 гъэр и кIэм нэсащ. Илъэс кIуам епльытмэ, уголовнэ щIэпхьаджагъэм еБэныныр дауэ кьыдэхъулIэрэ?**

- Уголовнэ щIэпхьаджагъэхэр гъэмэщIэным хуэунэтIа Iэмалхэр дубзыхуащ. ЩIэпхьаджагъэр социальнэ зэрыщытырикIи нэхъыбэм жьлагъуэм я социально-экономикэ, демографие, нэгъуэщI щытыкIэхэм зэрелытам тепщIыхьмэ, ар процентти 2-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Кьыхэзгъэщынщи, щIэпхьаджагъэ хьэлъэу ялэжьыр процент 11-кIэ екащ. Ар къызэрикIуар МВД-м ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм и закъуэкъым, атIэ ар и фIыгъэщ хабзэхьумэ Iэнатlэхэм хуэунэтIа щIыналъэ программэхэр зэрэпхагъэкIым.

2013 гъэм и мази 9-м щIэпхьаджагъэ 93-рэ ягъэхъэзыру кьыззэпыудащ. Процент 60-кIэ дгъэмэщIащ укIыгъэхэр, цIыхум теуэныр хуэди 4-кIэ, хъунщIэныкъо нэгъуэщIым и мылъку къэдыгъуныкъо процент 15-кIэ, транспорт ирахужьэныр процент 30-м щIигъукIэ дгъэмэщIащ. Хабзэм кьемызэгъэкIуэ Iэщ зегъэкIуэным пыщIа щIэпхьаджагъэ 400 кьыщIэдгъэщащ икIи абы Iэщэ кьагъэсэбэпэу ялэжь щIэпхьаджагъэхэр хуэдитIкIэ дгъэмэщIэну Iэмал кьыдитащ.

**- КъБР-м щыIэ МВД-м и кадр зэхъуэкIыныгъэхэм кьрикIуар ипэжыпIэкIэ фызыщыгъуэм хуэдэ? Зи Iэщагъэм хуэIэижь, кьалэнхэр зыхуэзыгъэувыжьи икIи зэфIэзыхьи, щытыкIэ гугъуэм жэуапIныгъэр кьэзыщIэн лэжьакIуэхэр кьыхэфхыну фхуэзофIэкIа?**

- ИпэжьпIэкIэ иужьрей илъэсхэм КъБР-м щыIэ МВД-м и унафэщIхэм я нэхъыбэр яхьуэжащ. Iэнатlэм пэрыуваду зи щIалэгъуэ, кьаруиныгъуэ, я псоми кьыдэкIуэу, дэжьыпIэм хэзыщIыкIхэр. Зэманым полицэм и лэжьакIуэхэм, псом хуэмыдэу унафэщIхэм, кьалэн хэхаэхэр кьахуегъэув. Абыхэм псынщIэу икIи и чэзуи унафэ тамэм трагьыхьыни, къэувыIэ имыIэу зызыхьхуэж щытыкIэр зыхьащIэн, нэхъыщхьэрацIи, кьыхаха лэжьыгъэм хуэпэжу щытын хуейщ. УнафэщI зэхъуэжьныгъэм я фIыгъэкIэ къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ органхэм я лэжьыгъэм и унэтIныныгъэ нэхъыщхьэр ефIэкIуащ.

**- Экономикэ щIэпхьаджагъэхэм ебэнынымкIэ щытыкIэм теухуауэ сыт кьыдежепIэн?**

- Экономикэ, коррупцэ щIэпхьаджагъэхэм я лъэныкъуэкIэ щытыкIэр иджыри гугъуу яхьунэж. 2013 гъэм и мази 9-м къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ органхэм я лэжьакIуэхэм апхуэдэ щIэпхьаджагъэ 878-рэ кьыщIагъэщащ. Экономикэм щIэпхьаджагъэхэм я зэхуэдитIым нэсыр хьэлъэхэм хеубыдэ. Абыхэм ящыщу дэтхэнэ етхуанэри мылькушхуэм пыщIащ. Коррупцэм ехьэлIа щIэпхьаджагъэхэр ялэжьауэ щыхъу 34-рэ уголовнэ зэуапэм ирашэлIащ. КьулыкъущIэ зэмылIэужьыгъуэ 24-м ятеухуа уголовнэ Iуэхуэхэр кьаIэтащ.

Бюджет мылькур кьызэрагъэсэбэпым, абы лъэпкъ проектхэр зэрыпхагъэкIри кьыхьэу, кIэлъыплъыныгъэхэр идогъэкIуэкI. Мы гъэм мылъку зэкIэщIауплIауэ 17бгъэ я щыщIагъэщащ, щIэпхьаджагъэ 70-м ехьэлIа щыхъу 28-м я уголовнэ Iуэхуэхэр судхэм зэрэхьащ.

Хабзэр кьызэпаудау фадэхэкI игъэжьныным ехьэлIа щIэпхьаджагъэ 80 кьыщIагъэщащ, кьэзыр фадэхэкI литр мелуанэр ныкъуэм нэблагъэ, федеральнэ маркэ нэпцIу ним 600 кьытрахащ. Щхэуу ягъэлажьэ джэгуплъ 350-рэ зэхуэщIыжащ, хабзэншагъэкIэ зэрагъакIуэ зэрыджэгу автомэ 1000 кьытрахащ, щыхъу 310-рэ административнэ зэхуэпым ирашэлIащ.

Иджыри зэ кьызэрэгъэщIащи, республикэм и экономикэ щынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыныр ди дежкIэ унэтIныныгъэ нэхъыщхьэу кьэнэжь.

**- Уэрыгъэгъазэхэм ящыщу республикэм и гъуэгухэм кьыщыхъу аварие хэр. Щыхъ зыхэкIуадэ гъуэгу насыпншагъэхэр кьэзыщэ щхьэусыгъуэу сыт кьэпльытэр?**

- Республикэм и гъуэгухэм щынагъуэншагъэр щыщыщIэгъэгъэпэщыныр кьалэн убгъуащ, абы теуха профилактикэ Iуэхуэгъуэхэр министерствэ, ведомствэ кьэдым зэгъэпэщынрэ хьыхьэу.

Кьыпэщыльэ кьалэнхэр зэфIэхьыныжкIэ КъБР-м щыIэ МВД-м кIэлъыплъныгъэ, профилактикэ, пропагандэ Iуэхуэгъуэхэр ирегъэкIуэкI. 2013 гъэм министерствэм Гъуэгум щынагъуэншэу щызекIуэныжкIэ и кьэрал инспекцэм и Iэнатlэхэм гъуэгум зэрыщыщзекIуэ хабзэр мин 400-рэ кьызэпэудауэ кьыщIагъэщащ, абыхэм пэкIуэкьуэдыу сом мелуан 85-рэ ирагъэпшынащ. Апхуэдэу щытми, гъуэгум щытыкIэр гугъуу кьыщIонэжь.

Насыпншагъэхэр кьэзыщэ щхьэусыгъуэхэм я нэхъыщхьэщ гъуэгум щызекIуэхэм - рулым дэхэми, лъэсырыкIуэхэми гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр уэим зэращIр. Ятха аварие хэм я проект 20-р лъэсырыкIуэхэм я зэранщ. Кьыхэгъэщыпхъэщ магистраль уэрамэмэрэ автомобиль гъуэгуэхэмрэ транспортым и куэдагъым зэрыхуэмыщIар.

Ахэрри, нэгъуэщI гугъуехьхэри кьыльытэри, КъБР-м щыIэ МВД-м зэхигъэуващ «2014 - 2020 гъэхэм гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэныр егъэфIэкIуэн» республикэ программэр икIи ар пхыгъэкIыным ипэжьпIэкIэ ди гъуэгуэхэм шынагъуэншагъэр щригъэфIэкIуэнущ.

**- Iэщэмрэ наркотикхэмрэ хабзэр кьызэпаудау зэрагъэкIуэным кIэлъыплъныр республикэм дауэ щызэтеГъуэва?**

- Апхуэдэ щIэпхьаджагъэхэм я пэщIэтыныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу икIи абы хуэунэтIа Iуэхугъуэхэр зэфIыдох. Кьыхэдгъэщынщи, гупхэм ягъэхьэзыра Iэщэ гъэтIылъапIэ щэхуу 40 кьэтхутащ.

2013 гъэр кьызэрихьэрэ Iэщэ» лэжьыгъэр едгъэжьауэ. Абы кьыриубдэу Iэщэ 142-рэ, Iэщэ Iэмэпсымэу мин 12-м нэблагъэ кьагъауэ зэрыщI Iэмэпсымэ 44-рэ, кьагъауэ вещество килограмм 20 кьытрахащ. Наркотикхэр зегъэкIуэным кIэлъыплъыныжкIэ федеральнэ кьулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм щыгъуу «Гущхь» зэхъуэкIыныгъэ едгъэкIуэжкIати, наркотикхэмкIэ килограмм 70 кьытрахащ, наркотикхэр щызэрахьэлIэ егъэзыпIэ 16 зэхуащIыжащ.

**- Iэщэмрэ зэIуа, граждан жылагъуэм ятыщIа зэрыкьуэм кьуэдрэ топсэлъыхь. Министерствэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым и лэжьыгъэм, абы я чэнджэщхэр кьызэрыгъэзэпэным, фи зэпыщIэныгъэ-зэхуэщытыкIэм я гугъу кьытхуэщIамэ, ди гуапэт.**

- Жылагъуэ советыр полицэм кьыпэщыт кьалэнхэр зэфIэкIыныгъэ-зэпэщэхуэ зиIэу, Iэмал имыIэу зыхуеИуэ кьызолытэ. Абы и чэнджэщкIэ кьэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ щыкIалъэ Iэнатlитlыр Урысей МВД-м и «Прохладнэ» муниципальнэ зы кьудамэм хуэдэ зыкIуащ икIи ар зэманым декIуу, сэбэп зыхэлъу кьащIэкIащ.

КБР-м щыIэ МВД-м и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэтэр мы гъэм министерствэм и унафэщIхэм цIыхухэр щригъэблагъэ 140-м, аттестацIэ комиссэм и зэIуцIэ 16-м хэтащ. Ахэр кьрихьэлIэу, цIыхухэм хабзэкIэ я хуитыныгъэмрэ я сэбэп зыхэлъ лIэу, абы ветеранхэр, ныкъуэдыкъуэхэр, щытыкIэ гугъуэм кьихуэта сабийхэрри яхьыхьэу, теуха жылагъуэ Iуэхугъуэ 90-м щIигъу едгъэкIуэжащ. Республикэм и кьалэнхэр районхэмрэ зэIуцIэхэр иджыри щрагъэкIуэжкI.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыныжкIэ щыIэ зэфIэхьныжкIэ дызэхэзэщыжкI, дэпэпкъуэгъуэхэу Жылагъуэ советым хэтхэм, республикэм щыпсэухэм ину фIыщIэ яхудощ.

**- Ди псалъэмакъыр Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ органхэм я лэжьакIуэм и махуэм ирихьэлIащ. Фи лэжьэгъуэхэм сыткIэ захуэбгъэзэнт?**

- Илъэс гугъу кьызэдонэкI, абы кьырикIуахэм утепсэльыхьыну иджыри пасэщ, ауэ жьыгъэфынуу республикэ полицэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыналъэм законностымрэ жылагъуэ хабзэмрэ кьызыщIэзгъэпэщынымкIэ я кьалэнхэм зэрыпэлъэщIар. Урысей МВД-м къэрал кIуэцI органхэм я лэжьакIуэхэм си гум, си псэм кьабгъэдэкIыу я махуэшхуэмкIэ сохъуэхьу. Уэныщагъэ, унагъуэ зэIуэзэпэщыгъэ яIэну, лIыгъэ яхэлъу, кьимыкIуэту зыкуагъэувыжа мурадхэр кьайхъулIэмэ си гуапэщ.

Ахэрри, нэгъуэщI гугъуехьхэр кьыльытэри, КъБР-м щыIэ МВД-м зэхигъэуващ «2014 - 2020 гъэхэм гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэныр егъэфIэкIуэн» республикэ программэр икIи ар пхыгъэкIыным ипэжьпIэкIэ ди гъуэгуэхэм шынагъуэншагъэр щригъэфIэкIуэнущ.

**- Iэщэмрэ наркотикхэмрэ хабзэр кьызэпаудау зэрагъэкIуэным кIэлъыплъныр республикэм дауэ щызэтеГъуэва?**

- Апхуэдэ щIэпхьаджагъэхэм я пэщIэтыныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу икIи абы хуэунэтIа Iуэхугъуэхэр зэфIэдох. Кьыхэдгъэщынщи, гупхэм ягъэхьэзыра Iэщэ гъэтIылъапIэ щэхуу 40 кьэтхутащ.

2013 гъэр кьызэрихьэрэ Iэщэ» лэжьыгъэр едгъэжьауэ. Абы кьриубдэу Iэщэ 142-рэ, Iэщэ Iэмэпсымэу мин 12-м нэблагъэ кьагъауэ зэрыщI Iэмэпсымэ 44-рэ, кьагъауэ вещество килограмм 20 кьытрахащ. Наркотикхэр зегъэкIуэным кIэлъыплъныжкIэ федеральнэ кьулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм щыгъуу «Гущхь» зэхъуэкIыныгъэ едгъэкIуэжкIати, наркотикхэмкIэ килограмм 70 кьытрахащ, наркотикхэр щызэрахьэлIэ егъэзыпIэ 16 зэхуащIыжащ.

**- Жылагъуэ советым и лэжьыгъэм, абы я чэнджэщхэр кьызэрыгъэзэпэным, фи зэпыщIэныгъэ-зэхуэщытыкIэм я гугъу кьытхуэщIамэ, ди гуапэт.**

- Жылагъуэ советыр полицэм кьыпэщыт кьалэнхэр зэфIэкIыныгъэ-зэпэщэхуэ зиIэу, Iэмал имыIэу зыхуеИуэ кьызолытэ. Абы и чэнджэщкIэ кьэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ щыкIалъэ Iэнатlитlыр Урысей МВД-м и «Прохладнэ» муниципальнэ зы кьудамэм хуэдэ зыкIуащ икIи ар зэманым декIуу, сэбэп зыхэлъу кьащIэкIащ.

КБР-м щыIэ МВД-м и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэтэр мы гъэм министерствэм и унафэщIхэм цIыхухэр щригъэблагъэ 140-м, аттестацIэ комиссэм и зэIуцIэ 16-м хэтащ. Ахэр кьрихьэлIэу, цIыхухэм хабзэкIэ я хуитыныгъэмрэ я сэбэп зыхэлъ лIэу, абы ветеранхэр, ныкъуэдыкъуэхэр, щытыкIэ гугъуэм кьихуэта сабийхэрри яхьыхьэу, теуха жылагъуэ Iуэхугъуэ 90-м щIигъу едгъэкIуэжащ. Республикэм и кьалэнхэр районхэмрэ зэIуцIэхэр иджыри щрагъэкIуэжкI.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыныжкIэ щыIэ зэфIэхьныжкIэ дызэхэзэщыжкI, дэпэпкъуэгъуэхэу Жылагъуэ советым хэтхэм, республикэм щыпсэухэм ину фIыщIэ яхудощ.

**- Ди псалъэмакъыр Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ органхэм я лэжьакIуэм и махуэм ирихьэлIащ. Фи лэжьэгъуэхэм сыткIэ захуэбгъэзэнт?**

- Илъэс гугъу кьызэдонэкI, абы кьриикIуахэм утепсэльыхьыну иджыри пасэщ, ауэ жьыгъэфынуу республикэ полицэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыналъэм законностымрэ жылагъуэ хабзэмрэ кьызыщIэзгъэпэщынымкIэ я кьалэнхэм зэрыпэлъэщIар. Урысей МВД-м къэрал кIуэцI органхэм я лэжьакIуэхэм си гум, си псэм кьабгъэдэкIыу я махуэшхуэмкIэ сохъуэхьу. Уэныщагъэ, унагъуэ зэIуэзэпэщыгъэ яIэну, лIыгъэ яхэлъу, кьимыкIуэту зыкуагъэувыжа мурадхэр кьайхъулIэмэ си гуапэщ.

БЕРЕЖНАЯ Наталье.

## Абыхэм я лIыгъэр ящыгъупщэнкъым

**Республикэм и полицейхэм адрей хабзэхьумэ Iэнатlэхэм ящIыгъуу, лъахэм щыпсэухэм кьызэрагъэпэлъыныр я гугъэщIапIэу, терроризм щынагъуэр гъэмэщIэным, законностымрэ жылагъуэ хабзэмрэ кьызэгъэпэщыным, законностымрэ жылагъуэ хабзэмрэ кьызэгъэпэщыным и лъныкъуэкIэ 2013 гъэм лэжьыгъэ пыухыкIаэхэр ирагъэкIуэкI.**

ЩIэпхъАджАщIэхэр Iэщэкъ кьащытеуэм зэпэщIуэныгъэхэм хуэIуэдащ: Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм ОП №1-м плъыр частым и оперативнэ плъыр ихъыжьхь полицэм и подполковник **Букин Анатолий**; КБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и гъэзэгу-плъыр кьулыкъум и инспектор полицэм и лейтенант ихъыжьхь **Гуэшей Замир**; УФ-м и МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и УУП-м и лэжьакIуэ, полицэм и лейтенант ихъыжьхь **Хьэжы Мурат**; КБР-м щыIэ МВД-м и полицэм и пльыр-пост кьулыкъум и батальон щхьэхуэм и 2-нэ ротэм и 1-нэ взводым и лэжьакIуэ, полицэм и сержант **Балькъэр Анзор**; КБР-м щыIэ МВД-м полицэм и пльыр-пост кьулыкъум и батальон щхьэхуэм и 1-нэ ротэм и 2-нэ взводым и кьудамэм и командир, полицэм и прапорщик **Верещагин Дмитрий**; КБР-м щыIэ МВД-м полицэм и пльыр-пост кьулыкъум и батальон щхьэхуэм и 1-нэ ротэм и 2-нэ взводым и лэжьакIуэ, полицэм и сержант **Кьуэн Асльан**; КБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и гъэзэгу-плъыр кьулыкъум и батальон щхьэхуэм и 3-нэ ротэм и инспектор, полицэм и сержант нэхъыжь **ШамIарэ Арсен**; УФ-м и МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и ДПС-м и взвод щхьэхуэм и инспектор ихъыжьхь полицэм и капитан **Къэрэшей Асльан**; Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ куейм кIэ и кьудамэм участковэ уполномоченэхэм, балигъ мыхъуахэм я IуэхугъэмкIэ и кьудамэм и лэжьакIуэ полицэм и капитан **БжэныкIэ Руслан**.

Абыхэм я лIыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм, зэкъуэ, къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ и органхэм я лэжьакIуэхэм я деж къэзыгъэнащIа щыпсэухэм.

## Жэуапым ирашалIэ

**КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэхэм ахьыр зыщIэгъэхъэзырыным икIи игъэкIыным пыщIа гупитIым я IуэхущIафэхэр къыгъэнащIащ.**

ЕХЪУЛIЭНЫГЪЭ пылъу ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм ипкъ иткIэ, псори зэхэту сом мин 250-рэ хьу сом 1000, 5000 купюрхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыналъэм щрагъэкIыныр къыззэтрагъэувыIащ.

Ар зи Iэдакъэщ1экI гупитI уголовнэ жэуапым ирашэлIащ.

# «Германием и махуэхэр - Къэбэрдей-Балъкъэрым»

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

ХьэщIэхэр ягъэлъапIэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щыхэхъуащIкIэ «Германием и махуэхэр - Къэбэрдей-Балъкъэрым» фестивальр. Фигу къэдгъэкIыжынщ, мыпхуэдэ зэхьыхьэхэр нтъэс ещанэ хъуауэ Iалшык щокIуэкI.**

ФЕСТИВАЛЬР къызэрагъэпэщащ Германием и посольствэу Москва дэтым, «Альп» президент программэм хэтахэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр жьлагъуэ Iуэхущапlэм, КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм, Сурэтыщ1 гъуэджэмкIэ музеиуэ Тканенкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, КъБКъУ-м, республикэм и жьлагъуэ зэгухьэныгъэхэм, хъыбарегъащIэ Iуэхущапlэхэм.

Фестивалыр къызэзыгъэпэщащэм я мурадыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр Германием и хабзэхэр, гъэузджэм, щэнхабзэм, экономикэм хэгъэгъуэзэныщ.

Пшыхьыр езыгъэкIуэкIа МафIэдз Iинэ къызэхэсащ Германием и хабзэхэр, Германием и сурэтыщIхэм я гъэузджэм, щэнхабзэм, экономикэм хэгъэгъуэзэныщ.

- КъБКъУ-р ильэс зыбжанэ хъууэ долажьэ Шиллер Фридрих и цIэр зэрихьэу Йенэ дэт университетым, Германием академическэ зэхъуэжьныгъэхэмкIэ и «DAAD» Iуэхущапlэм. Лъэныкъуэхэм щIэныгъэ-хьэхуэныгъэ Iэжьыгъэхэмрэ проектхэмрэ зэдагъэзащIэ. КъБКъУ-м и студент Тимборэ и цIэр зезыхьэ Iъэпкъ библиотекэм нэмыцэ тхакIуэхэм я тхыльхэр, КъБКъУ-м и студентхэм Германием щытраха сурэтхэр зэрыщагъэльэгъуар, Германием академическэ зэхъуэжьныгъэмкIэ «DAAD» Iуэхущапlэм стипендие программэхэм теуха и къэхутэныгъэхэр утыку къызэрырихьар, хьэщIэхэм Налшык къалэм, Пьаlosхуэ музеим, культуетым конференц щрагъэкIуэкI. Урысей ФедерацIэмрэ Германиемрэ я зэдзэкIэжьэныгъэм хэль Iуэху зэIумыбзэм и зэфIэхьыкIэ хъуным, зэпыщIэныгъэм иIэ мыхьэнэхэм теухуауэ, - жиIащ МафIэдзым.

Фигу къэдгъэкIыжынщ, 2009 гъэм и дыгъэгъазэм Налшык ягъэ щекIуэкIа «Германием и махуэхэр - Къэбэрдей-Балъкъэрым» фестивалым нэмыцэ дэрбзэрхэр, Германием менеджментымкIэ и академием и лIыкIуэ-хэр хэтащ. 2010 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм Налшык щыIэхэта мыпхуэдэ зэхьыхьэм нэмыцэ сурэтыщIхэм зыкъраГъэхьэлIащ. Мыгъэрей фестивалым къэкIуащ Германием и сурэтыщIхэу Гунстхаймер Йнэрэ Мюльхаупт Манфредрэ, нэхъапэм щыIа фестивалэмкIи иджыпейм хэт ди хэкъуэгъу сурэтыщ щэрыIуэ, а къэралым щыпсэу икIи щылажьэ Пащты-Хьан Алим. Къэбгъэльагъуэмэ, Алим зыкъомкIэ и фIыщIэщ дуней псом кьыщащIыху нэмыцэ сурэтыщI Iэзэхэм, щэнхабзэм, гъуэзджэм я щIыхь зэчиифIэхэм илъэс ещанэ хъуауэ мы фестивальр зэрагъэбжьыфIэр.

Фестивальр зэрекIуэкIар кьыщапщытэжьим кьыхэгъащащ Сурэтыщ1 гъуэзджэхэмкIэ музейм Гунстхаймер Йнэ - Из темных камерзыфIица и сурэт выставкэр зэрыщыIар, Мюльхаупт Манфредрэ Пащты-Хьан Алимрэ КъБКъУ-м дерс гъащIэгъуэнхэр зэрыщатар, Мэлбахъэу Тимборэ и цIэр зезыхьэ Iъэпкъ библиотекэм нэмыцэ тхакIуэхэм я тхыльхэр, КъБКъУ-м и студентхэм Германием щытраха сурэтхэр зэрыщагъэльэгъуар, Германием академическэ зэхъуэжьныгъэмкIэ «DAAD» Iуэхущапlэм стипендие программэхэм теуха и къэхутэныгъэхэр утыку къызэрырихьар, хьэщIэхэм Налшык къалэм, Пьаlosхуэ музеим, Сэрэльп Мадинэ и Арт-Центрым зэрызыщрагъэпIэныхьар, ди къэралитIыр зэрыгъэзэжьыхьэ зыбжанэ къызэрызэрагъэпэщар. Фестивальм и программэм республикэм исхэм Iэмал гъуэзджэ къаритащ нэмыцэхэм я щэнхабзэмрэ я гъуэзджэмрэ нэхъ пэгъунэгъу защIыну, Германием и цIыху Iэпщ1ольапщ1эхэм епсэгъпыIэну.

КъБКъУ-м и ректор, профессор Къарэмырзэ Барэсбий жиIащ фестивальм и программэм щыщ зэхьыхьэ зыбжанэ я еджапIэм зэрыщекIуэкIар, нужьрей илъэсхэм КъБКъУ-м Германием хуиIэ пыщIэныгъэр нэхъ быдэ зэрыхъэр зэригуапэр, дяпэкIи ар зэрырагъэфIэкIуэнур, щIэныгъэ-хъэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр зэрызэгадгъэзэщIэнур, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Германиемрэ я дипломхэр КъБКъУ-м и студентхэм я ратуну дяпэкIи Iэмалыфl зэрагъэнур. Ректорым кьыхиГъащIащ фестивальр купщIафIэу, гъэщIэгъуэну зэрекIуэкIар, кьызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ яхуэфащэу кьилъытащ.

Гунстхаймер Йнэрэ Мюльхаупт Манфредрэ фестивальм къезыгъэблэгъахэу КъБКъУ-м лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и Iэнатlэм и унафэщIым и кьуэдзэ Щад Залинэрэ Пащты-Хьан Алимрэ фIыщIэ хуащIа нэужь, кьыхагъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьызэрыкIуар, абы исхэр зэрызэрагъэщIыхуар, ныбжьэгъу зэрахуэхьуар зэрагуапэр.

Пащты-Хьан Алим кьыхигъэщащ щэнхабзэ зэхьыхьэм кьриубыдэу хьэщIэхэм республикэм щагъэкIуа мазуэкэр гукъинэж, щIэщыгъуэ зэращыхьуар.

- КъБКъУ-м и тхыдэм теухуауэ зи гугъу къытхуэщIахэр гъэщIэгъуэныщIэщ. Мы еджапIэм сыщеджэну кьысхуимыхуами, апхуэдэ хъыдэ куу зэриIэм, кьэхутэныгъэ хущIафIхэр зэрыщекIуэкIым сорогушхуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ хьугъуэфIыгъуэхэм ящыщ Iыхьэ хьэщIэхэм зэрыздахьыныр нэхъыщхьэр, - жиIащ абы.

Германием теухуа сурэтхэм я зэпеуэгъэзэпъэгъуэныгъуэ КъБКъУ-м щекIуэкIам пашэ щыхъуахэр ягъэльэгъапIащ. Апхуэдэхэщ, КъБКъУ-м и Филологие институтым нэмыцэбзэр щадж и къудамэм республикэм и щIыналъэ Залинэ (5-нэ курс), Хьэгъуднокъуэ Залинэ (5-нэ курс), КъБКъУ-м и проректор Кьумыкъу Iуэс. Абыхэм ятеухуа щIадащ1э Германием и посольствэу Москва щыIэм кьыбгъэдэкI саугъэтхэр.

КъБКъУ-м зэрэдыкIэ и «Амикс» театрым ита концерт гукъинэжыр кьызэхуэсахэм ягу щыхьащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

Сурэтхэр МАМИЙ Руслан трихащ.

## Школ-интернатым я нэIэ тетщ

УРЫСЕЙ МВД-м Шэджэм куейм кIэ и къудамэм балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэхмкl и Iэнатlэм и лэжьакIуэхэр Нартан дэт школ-интернатым щIэх-щIэхьыгъэ макIуэ. 2013 гъэм ПДН къудамэм рейд щхьэхуэ 24-рэ иригъэкIуэкIати, зыми я нэIэм щIэмыт, кIэрыкIыпщ сабий 14 кьахуагъ. Яныныкъуэхэр КъБР-м щыIэ МВД-м балигъ мыхъуауэ хабзэр кьызэрызыдахэр пIалъэкIэ щаIыгъ и центрым ящащ, 5-р медицинэ, 8-р социальнэ хъумакIуэ Iуэхущапlэхэм нагъэсащ.

ПДН-м и лэжьакIуэхэр унагъуэ гугъуэхэм ящыщ сабий куэд щеджэ Нартан дэт школ-интернат №5-м щIэх-щIэхьыгъэ и хьэщIэщ. А цIыкIуэхэм ящыщ дэтхэнэм и дежкIи ахэр ныбжьэгъу хъуащ.

## Нэхъыфlхэм хабжэ

**Урысей МВД-м Аруан куейм кIэ и къудамэр щIэпхьаджагъэ къызэхэсар сэтей къэщIынымкIэ республикэм щынэхъыфIхэм ящыщу.**

2013 ГЪЭМ къудамэм и унафэщIхэм я лэжьыгъэр хуауэнтIащ щIэпхьаджагъэр сэтей къэщIыным, бюджет мылькур хъумэным, хабзэр кьызэпечыгъэудыным, гъэгъуэм шынагъуэншэу щызекIуэныр кьызэзгъэпэщыным.

Районым и адрей хабзэхъумэ Iэнатlэхэм, гъэзэщIакIуэ властхэм ящIыгъуу Аруан куейм щрагъэкIуэкIа жылагъуэ-политикэ, щэнхабзэ, дин Iуэхугъуэхэу 163-м щынагъуэншагъэр кьащыщэрагъэпэщащ. Хабзэр кьыщIэзгъэдэ, щIэпхьаджагъэ щалэжь кьагъэхъуакъым.

УкIыгъэхэр, цIыхум теуэным, ящIэу узыншагъэм зэран хуэхъуным, ныбжьым, хъунщIэным ехьэлIа щIэпхьаджагъэхэр нэсу сэтей кьащIащ.

Аруан куейм кIэ ОМВД-м и лэжьакIуэхэм я кьарур иджыпсту нэхъ зыхуэунэтIар террор, экстремист хьагъэщагъэхэр ялэжьыным кьызэпэщыныр, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыныр егъэфIэкIуэныр.

**Пlланэпэр Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкl министерствэу КъБР-м щыIэм и материалхэмкl дгъэхьэзыращ.**

## Жылагъуэм зэпыщIэныгъэ хуиIэщ

**Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм жылагъуэм зэпыщIэныгъэ уэзщIа хуиIэщ.**

«ПРОХЛАДНЭ» къудамэм и нэIэм щIэт щIыналъэр зэпIэзэрыту кьокIуэкI. ЩIэпхьаджагъэ хъэтъэхэм хьыхьэу ятхахэр процентти 4,7-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. ЗэфIэкIакIэ Iэмалхэм я фIыгъэкIэ, блэкIа зэманым яхьумэ объектхэм щыдыгъуэ кьагъэхъуакъым.

Дызэрыт 2013 гъэм гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ щIыхьэм, жылагъуэм и Iуэху зэпыщIэныгъэр ирагъэфIэкIуэным, лъэпкъ, дин зэпэуныныгъэхэр кьэмыгъэхъуным теухуа Iуэхугъуэхэр зэщIыгъуэ щыIэныгъэм и щIыдыгъуэ кьагъэхъуакъым.

Дызэрыт 2013 гъэм гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ щIыхьэм, жылагъуэм и Iуэху зэпыщIэныгъэр ирагъэфIэкIуэным, лъэпкъ, дин зэпэуныныгъэхэр кьэмыгъэхъуным теухуа Iуэхугъуэхэр зэщIыгъуэ щыIэныгъэм и щIыдыгъуэ кьагъэхъуакъым.

Мазищ кьэс участкобэхэм я лэжьыгъэм куейм щыпсэухэр щыгъуазэ ящI.

Иджыблагъэ Благовещенскэ станицэм щекIуэкIа зэхьхьэм эхтэхэм, абы щыпсэухэм я лэжьыгъэхэр кьыдэхъулIащ. Абы Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм кьыгуроIуэ жылагъуэм зэрыщIэныгъэм и щIыдыгъуэ кьыдэхъулIащ. Абыхэм я Iуэху епIыкIэм я лэжьыгъэр зыхуэдэр кьызэригъэльагъуэр.

**БЕРЕЖНАЯ Наталье.**

## Сом мелуан 4-м щIегъу

КЪУЭКIЫПIЭ Жьыхъэм щыпсэ

## Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Малъхъэдис

Зыгъэхъэзыр нэщIэпIыджэ Замирэщ

● Тепцъэгъуэ



Бжьыхьэ дыщафэ.

● Гупсысэ

# НапIэдэхьеигъуэ

ГЪАЩIЭР зэрымыкIыхьыщIэр, зэрыжаIэу, напIэдэхьеигъуэу ар зэрыкIуэр хэти ящIэу къыщIэкIынщ. Ауэ дэтхэнэрэ егупсысырхьым гъащIэм и гъэжIэкIэм. Нэмысысщхуэ зыхэлъари, лэжьыгъэшхуэкIэ цIэрыIуэ хъуари, хьэулейрэ нэмысыншэу дунейм тетари зэгугэ регупсысыжу къыщIэкIынщ гъащIэр зэригъэкIуэ щIыкIэм. Ауэ еплыкIэ зырызкIэщ гъащIэм зэрырипльжыр. Дахэу дунейм тетам сыт хужьпIэн, кьыптэщIам хуэарэзыжщ. IужъощIэу, елуящIэу псэуахэм, гъащIэм зэ кьыгтригъэзэжамэ, зэрыпсэу уэзгъэльагъунт, жиIэу тобэ къэзыхьыж яхэтми, щIыщ апхуэдэхэр зыфIэвуанри, кьрихуэкIыр сыт, жиIэу. Дэтхэнэ зыми и хьыбар нэхъ мыхъуми, зыгуэр кьызэренэкI. Быныр зышIапIыкIын лъэужь дахэ кьызэзэпынэкIын и насыпщ. Зэхуэдэкъым «дуней уцIэпIу щытащ» жыхуаIэмэрэ абырэ. Зэгупсысын хуей Iуэхуш ар.

НЭХУЩ Хъэжпагуэ.

# ПсалъэзэблэдЗ

**ЕкIуэкIыу:** **8**. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ. **9**. Бжьэхуэцым къыхэщIыкIа щэкI Iув лъэпкъ. **10**. Къуацэ-чыцэ. **11**. Ильэсищым ит щыщIэхъу мыгъасэ. **14**. Нарт Щэуей и адэр. **16**. Пщэдейрей ... нэхъри, нобэрей бзу. **18**. Адыгэ генерал. Е мыщэ и къуэ. ..**20**. Адыгэ къэмэн и лъэпкъыгъуэ Iэщэ. **22**. НэгъуэщI кьалэ Iуэхухэр кIуэхэр къыщIыIыIэ хабзэ унэ. **23**. Сату зыщI, игъэувэ уасэм пхутемыкI цIыху. **25**. Куэсэ ... умыщI. **31**. ЕгъэджакIуэр аджакIуэм щIогубжьэ: « ... уеущэу ущымысу, жысIэм едаIуэ». **32**. Плъыжьыфэ. **33**. КъэкIыгъэ: дохутырхэм хущхъуэ, еIуящIэхэм афиян кьыхах. **38**. Дзыдзэ лъэпкъым щыщ хьэкIэкхъуэкIэ пшэр цIыкIу. **40**. ... и кIэр и бийщ. **41**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **43**. Совет властым и зэманым зекIуэу щыта, гъущIыкIэм хьэщIыкIа ахъшэ хужь. **45**. IуащIхьэмахуэ япэ дыдэу дэкIа Чылар ... **46**. ЦIыху пIащэ. **47**. Ныкъусаныгъэ, сэкъат, ... **50**. Дзыгъуибгъуэ зэдеIэмэ, абы и щхьэр трач. **53**. Пасэрей гъущI пыIэ. **55**. Хэку зауэшхуэм кхъухлъатэзэхуэу хэта адыгэмI, Совет Союзым и Лхьэужь. **56**. Гъатхэм пасэу, уэс тельу, щIым кхъухэм удз гъэгъа цIыкIу.

***Къехьу:*** **1.** Псы, гъэш хуэдэхэр зэрызэрахьэ кумбыгъэ. **2**. Азием щIэ мусЛъымэн кэзралышхуэ. **3**. Къурш лъэныкъуэмкIэ хьрику жьы щIыIэтыIэ. **4**. Гъатхэм ди щIылъэр зэщIэзыщIэ удз щхьэ гъуэжь цIыкIу. **5**. БгитI эхуакIу. **6**. Бжэлулъэ. **7**. Швейцариемиз кьалащхьэ. **12**. Къуажэм, районым, республикэм, къэралым я щIыналъэр щиух щIыпIэ. **13**. ЦIыхухьыцIэ. Дыззэрыс щIыпIэр абы и щIэм кьытекIащ. **15**. Мурад, гухэпIь, хъуэпсапIэ. **17**. « ... сокIуэ лъэмыж цIыкIум деж» - Афэщ1агъуэ Зоерэ Джадгъэф Хьусенрэ яуса уэрэд цIэрыIуэ, Аслъэн Iэсият игъэзащIэу. **19**. ... цIыкIу бжьакъуэщхуэ. **21**. АдакъэщIэрэ ... пIастэрэ. **22**. Хьэпщхупщ. **24**. IутIыж Борис и Iуважэ. **26**. ГъуэлъыпIэ зэхуакум дищIэ хьэпIащIэ. **27**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **28**. Шым, Iэщым я фэр изых бадзэжь. **29**. Адэр - дэм, ар нэм хуагъадэ. **30**.Зиусхьэн лъэпкъ. **34**. «Адыгэ ... » - Даур Аслъэнрэ Хьэнфэн Алимрэ яуса уэрэд цIэрыIуэ, Мэремыкьуэ Хьусен игъэзащIэу. **35**. Ин, ин дыдэ. **36**. Сосрыкъуэ бзаджагъэкIэ хигъэщIа и ныкъуэкъуэгъу. **37**. АбыкIэ хьэм уеуакIэ гъыркъым. **39**. Адыгэ таурыхъхэм узыщирихьэлIэ шы лъэрызехьэ: икIи мэлъэтэф, икIи мэпсальэф. **42**. ХадзэжкI. **44**. Къэрал бюджетым илъ ахъшэр нэхъыбэу къызэпэкIуэ, щIым къыщIаш хъуГъуэрIыгъуэ. **48**. ТхъурщIынэ щIэпхумэ, къанэ псыр. **49**. Философ цIэрыIуэ Iуэрым жиIэгащ: « ... емыджэ щIыкIэ акъмыкъ мэхъу». **50**. Зыгуэр щисым деж къыпих Iугъуэ Iув. **51**. Нарыкшиныр зи нэхъыжь Къэрал ..**52**. Бжьэхэм я фо зэхуэхьэсыпIэ. **54**. Унэм и зы Iыхьэ.

*Зэхэзыльхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**



***Щэкiуэгъуэм и 2-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***Екiуэкiыу:*** **5**. Пыпхэ. **8**. Лъабзэ. **10**. Хьэиуэ. **12**. Жумарт. **14**. Ныбжьэгъу. **17**. Бэдж. **18**. Нау. **21**. Балъкъ. **22**. Хьэсы. **23**. Чынт. **25**. Надэ. **28**. Къумахуэ. **29**. Шыпсэ. **30**. Шылъэгу. **33**. Ригэ. **34**. Пощт. **35**. Азэн. **37**. Хьэвэ. **38**. Тэн. **40**. Гудзэ. **43**. Пщэдей. **45**. ЩIхьэгъэш. **47**. Сибгэч. **48**. Тутын. **49**. Музей.

***Къехьу:*** **1**. Шы. **2**. Пхыр. **3**. Къады. **4**. Уэ. **6**. Шэрэдж. **7**. Тумэн. **9**. Бжы. **11**. Кугъуэ. **13**. Арыкъ. **15**. Бжьхь. **16**. Къарэмырзэз. **17**. Бжьын. **19**.Удз. **20**. Псыхьэлывз. **24**. Тхыдз. **25**. ...«Насып». **26**. Шхуэ. **27**. Быж. **31**. Жинт. **32**. Къущхьэ. **36**. Нэгъуд. **37**. Хьэпэ. **39**. Номин. **40**. Хьэпэ. **41**. Гъупщ. **42**. Пшэ. **44**. Ерыщ. **46**. ХьэукI.

● Адыгэ шхыныгъуэхэр

# IэшрыI

НАРТЫХУ гуар зэхащыпыкI, псы хуабэпщIкIэ щэпIэ яльэсри, шыуаным ит псы къэжъуальэм зэIащIэурэ хакIутэ. МафIэ иным тету къагъавэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафIэр цIыкIу ящI, шыуанищхьэр трапIэри, дакьикъэ 25 - 30-кIэ къагъавэ, зэрымызэ тхъурымбэр чымчыркIэ къытрахыурэ. ИтIанэ абы халъхьэ тыкъыр цIыкIуурэ, г 40 - 50 хъуэ, упщIэта лы гъэгъуар. Джэш, хьэгулывэ лъэсахэр хакIутэ, зэIащIэурэ, тхъурымбэр къытрахыурэ дакьикъипщIпщыкIутхукIэ ягъавэ. Абы, зэIащIэурэ, фIыуэ лъэса гуэдз гуар халъхьэ. Шыуанищхьэр трапIэ, мафIэр цIыкIу ящIри, сыхьэтитI нэблагъэкIэ ягъавэ, зэрымызэ тхъурымбэр къытрахыурэ икIи зэIащIэ. ИтIанэ прунж лъэса халъхьэ, шыгъу хадзэри, зэIащIэ. Шыуанышхьэр тепIаУ дакьикъипщIпщыкIутI хуэдизкIэ кьагъавэ. ИтIанэ хугу лъэсар халъхьэ, зэIащIэурэ дакьикъи 2 - 3-кIэ кьагъавэ, тхъурымбэр къытрахыурэ икIи зэIащIэурэ. ИтIанэ зэIащIэурэ абы хакIэ щэ гъэнщта, зэ кьытрагъэкъуалъэ, мафIэр ирашхьажри, шыуанищхьэр тепIаУ хьэзыр хъуху зэрэмызэ зэIащIэурэ дакьикъэ 20 - 25-кIэ ягъавэ.

IэшрыI вар пэшхьэкум кьытрах, бжьын гъэлыбжьар традзэ, джэдгын хаудэри шыуанышхьэр тепIаУ дакъикъэ зытхухкIэ щагъэт. Iэнэм щытрагъэувэ и лэг IэшрыIыр зэIащIэ, фалъэ куу иракIэри шатэпс тракIэж. Абы кхъуей цIыни лэпс тепхьи хэпIхьэ хъунущ. Ираф пщтыру.

***Халъхьэхр (цIыхутху Iыхьэ):***

*лы гъэгъуэу* - г 200
*псыуэ* - 3000 гр
*шэ щIэмыхуэ* - г 2000
*джэш хужьу* - г 40
*нартыху гуауэ* - г 400
*хьэгулывэ* - г 20
*прунжу* - г 15
*хугуу* - г 15
*гуэдз гуауэ* - г 10
*шатэпсу* - г 350-рэ
*шыгъуу, джэдгыну* - узыхуейм хуэдиз

***Бжьын гъэлыбжьам:***

*тхъууэ* - г 100
*бжьынищхьэ укъэбзауэ* - г 120-рэ
*щыбжий сыр хьэжауэ*- узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Интернетым дыкъыщоджэ

# Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху щхьэпэ

НЬЮ-ЙОРК щыщ таксист гуэрым «Facebook» сетьм щиIэ напэкIуэцIым хэзыбар гъэщIэгъуэн кърилъхьащ: «Куэд щIауэ таксистэу солажьэ. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым машинэ хуейуэ къэпсэльа гуэрым и унэ сыIухьэри згъэкIиящ. Дакьикъэ зыбжанэ сежьа нэужь, аргуэру зэ машинэр зэхэкIящ. А махуэм кьурыбдзэу ар си нужьрей дэкIыгъуэу арати, унэм зыри къыщIщIэмыкIым, сыIукIыжьму мурад сщIащ. АрщхьэкIэ, си гум кьыжьэIэр нэгъуэщIтэ, машинэр зекIуэпIэм тезгъэжIащ, сыкъикIри, бжэм сытеуIуащ.

Абы хэту «зы дакьикъэкIэ» - макъ щабэр къыззэхсхащ, ар ныбжь зиIэ цIыхубзэт. Абдеж сызджыщтым, зыгуэр кьызэрилъэфым и макъ зыхэсхащ, иджыри тIэкIу дэкIыжри, фызыжьым бжэр кьызэIуихащ. 1940 гъэхэм трахэ фильм гуэрым кьыхэкIа хуэдэ, чэсыргей бостейрэ пыIэ хьурей цIыкIуурэ зыщыгъ нанэр къэслъэгъуащ. Абы шумэдан мынии ящыгът. КьызыщIэкIа пэщIм ильэс зыбжанэкIэ зыри щымыпсэуа хуэдэт, щIэт шкафкэм щэкI хужь теубгъуат. КьуэгъэнапIэм зы ашык дэттт, зекIуэцIыкIуэрэ сурэтхэмэ ильт.

- Си шумэданыр машинэм схуифлъхьэфыну пIэрэ? - жиIащ цIыхубзым. Ар машинэм схьа нэужь, кьэзгъэзэжащ нанэм сыдэIэпIыкIуну. Абы си Iэблэр кьуфыри машинэмкIэ хуэмурэ дунэтIащ. Абы фIыщIэ къыхсхуищIыт гуапэу сызэрыхущытым щхьэкIэ. Сэри жесIащ, си анэм адрейхэр кьыхущытну сызэрыхуейм хуэпэу езыми сызэрыхущытыр.

- Сыту ущIалэфI дыдэ, уэ цIыкIур, - жиIащ абы. Машинэм дитIысхьэжа нэужь, здэсшэну хэщIапIэр тхьылымпIэм тетхауэ кьызитри, кьызэупIащ:

- КьалэжымкIэ уныкIуэцIыжьыфыну пIэрэ?

- Гъуэгур кIыхьыуэ хьункъэ итIанэ, - естыжащ жэуап.

- Сэ сыпIащIэркъым, си щIалэ цIыкIу, - жиIащ абы. - Сэ жьы хьэхэр щатIыж унэм сыкIуэзу аращ, кьыхсхуэнэжа гъащIэр щысхьыну.

ГъуэжмкIэ сыщиплъэм къэслъэгъуащ фызыжьым и нэхэм нэпс кьызэрытелъэдар.

- Си унагъуэр куэд щащ зэрысхэкIрэ, си закъуэу сопсэу. Дохутырым жьы хуэхэр щапIыж унэм сыкIуэмэ нэхъ кьыштащ, куэд кьысхуэнэжа хуэдэ, чэсыргей бостейрэ пыIэ хьурей цIыкIуурэ зыщыгъ нанэр къэслъэгъуащ. Абы шумэдан мынии ящыгът. КьызыщIэкIа пэщIм ильэс зыбжанэкIэ зыри щымыпсэуа хуэдэт, щIэт шкафкэм щэкI хужь теубгъуат. КьуэгъэнапIэм зы ашык дэттт, зекIуэцIыкIуэрэ сурэтхэмэ ильт.

- Си унагъуэр куэд щащ зэрысхэкIрэ, си закъуэу сопсэу. Дохутырым жьы хуэхэр щапIыж унэм сыкIуэмэ нэхъ кьыштащ, куэд кьысхуэнэжа гъащIэр щысхьыну.

Си машинэм тет счетчикыр згъэункIыфIри, нанэм сеупIащ:

- Сыт хуэдэ гъуэгукIэ дыкIуэмэ нэхъ кьапштэрэ??

СыхьэтитI хуэдизкIэ кьалэм къыщIджыхьащ. Абы сигъэлъэгъуащ зэгугъым лифтеру щылажьэу щыта IуэхущапIэр, фIыуэ и ильагъу и щхьэгъэжьыр и Iуэхущапсэ, дакьикъэ зыбжанэкIэ епIыпт, и нэгу зыгуэрхэр кьызэрыщIигъэхьэжыр гурыIуэгъуэ.

- Мис иджы сышэ, си щIалэ цIыкIу, сызджыжьам, - жиIащ абы.

Гъуэгум и кIыхьагъкIэ тIуми зыри жьытIакъым, зыгъэпсэхупIэ хуэдэу щыт, кьатитIу эзэтет унэм дыIухьащ. СанитарритI къыщIэкIри, фызыжьыр гуапэу ирашащ, сэ и шумэданыр хущIэсхащ.

- Дапщэ уэстынр, - кьызэупIащ ар.

- Зыри, - жысIащ сэ.

- Уэ уэрэдыжьым хьэгъэбзэкIын хуейщ.

- НэгъуэщI кьитIысхьэIамэ, кьызэтынщ, - жысIэри, зезгъэзэкри, нанэм Iэплэ хуэсщащ, си гур зэрыкIэрэпщIар зыхэмыщIу.

- Нышхьэбэ кьызэпта насыпыр псапэу тхъэм кьуитыж, - жиIащ абы.

И Iэр быдэу скъэзри, кьызыгъэзэкыжжаш... Бжэр псынщIэу ежэлIэкри, абдеж гъащIэм и зы тхьыль щызэхуэсщIыжащ.

Машинэм ситIысхьэжри, си нэр здэпIымэкIэ щыму сунэтIащ. А махуэм, пщэдджыжьым щегъэжьауэ, си машинэм кьитIысхьаэм сепсэльатэжьым, гулыттэ яхуэсщIынуи кьысфIэIуэхуатэжьым. Апхуэдэ зыгуэр а нанэм есщIамэ, дауэ хьунут? Е зи гъжьэгъуэ махуэр псынщIэу зыухыну хуей шофер кьыпэщIэхуамэ-щэ? Шубжанэрэ згъэкIиа нэужь, сыIукIыжамэ, сытыт кьэхьунут? Кьалэм кумэ дыдэ ящIри, гъэгъур кIыхь хьунущ щыпсэуа районыр, щысабийм кьафэм зыщыхуиГъэсэу зэдкIуэу щыта Iуэхущапсэр, иджы уиэлъащIэхэр щащэ тыкуэн ящIыжар. Йныкъуэхэм деж унэ гъэрыт, е уэрам гуэрым сыкъыщигъуэвыIэрти, дакьикъэ зыбжанэкIэ епIыпт, и нэгу зыгуэрхэр кьызэрыщIигъэхьэжыр гурыIуэгъуэ.

- Мис иджы сышэ, си щIалэ цIыкIу, сызджыжьам, - жиIащ абы.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьигъэхэм, кьыщаIэта Iуэхуитуэхэм я нжьагъымкIэ ахэр зытхахэм изэу жуаи яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтеуэу зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и щIэ дэльщ КЪБР-м федеральнэ нощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хунтыныгъэр хъумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балкъэр щIыналъэ Iуэхущапсэм ЭеН-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КЪБР, Налшык къалэ,
Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жуэап зыхь секретарь Къаншокъуэ Эллэ, редактору Жылаев Маринэ, корректорхэу Щоджан Инэ *(1, 2-нэ нап.)*, Щоджан Заирэ *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепIэр щIащ* Ныр Саидэ, *суратхэм елэжьар* Бицу Жанизщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-м.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.757 ● Заказ №2815

● Фэ фщIэрэ?

## Къуалэбзухэм я цIэхэр

**Дубоиос кавказский** - пэгъум
**Горлица кольчатая** - жыгтхъэрыкъуэ
**Джек (вихляй)** - кIупхъэжэр
**Колпица** - пэхьэнцэбзу
**Конек горный** - хьэрыкъуацэщIэж
**Пазаревка** - цIыжьдадэщIыху, цIыжьдадэкъащхъу
**Лысуха** - псыджэд, къамылджэд
**Могильник** - гъаф, кьиякъ
**Кречетка** - тафдэжэд
**Грач** - куанщIэ, къуанчIэ
**Лебедь-шипун** - къау
**Гриф черный** - къуршыбгъэ
**Орел-карлик** - бгъэжьей

● ЖыIэгъуэхэр

## КIэух псоми пэщIэдзэ яIэщ

♦ЦIыхум ущымышынэу ущыукIыкIытэмэ, нэхъыфIщ.
♦Сыт хуэдэ гъуэгу быркъуэшырыкъуэ утетми, абы уэ зыдебгъэкIын хуейуэ араш, армыхьумэ, езым зыкъыбдригъэкIыныкъым.
♦КIэух псоми пэщIдзэ яIэщ.
♦ФIагъ мащIэ фIэкIа убгъэдэмылъми, ар зэгугэ къыпхухэсэбэпмыжынущ, ауэ Iей мащIэри - араш, дапшэщми зэ утеуэнхъуэнущ.
♦Гъуэгуэхэр тIууэ зэщхьэщокI - фIыщIэрэ хужьрэ, нэхъыфIыр къыщыхэпхынри дежи нэхъыжьыр къыхихамкIэ учэнэджэщмэ, нэхъыфIщ.

**КIУРАШЫН Алий.**

● Сатыр пIаскIуэхэр

### Иужьрей акъыл

**Бжэгъу мыхъу щыщIыкIэ**
**Къигъэшакъым чыр -**
**Йодзкъэж и Iэщм**
**Нобэ Хьэжбчыр.**

### Напитым

**«Дж хэкур лъэщ дыжьэщI» - Жылаев КIуитI,**
**И жыпыр**
**Къэрал ахъщэкIэ екуэр.**

### Iэдэм

**Хьыбар егъэIур**
**И ерэр текIуадуэ дэм,**
**Хьудырым зи дзэр**
**IэщщыкIа Iэдэм.**

ДЖАТОКЪУЭ Юрэ.

ШЫПШ Даяне.

Редактор нэхъыщIхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ХьэфIыщIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщIхьэ), ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщIхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщIхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Итэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкьарэ Аликъ, ЩхьэщIмыщI Иэ.

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, обгъуэнепщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщIхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщIхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъуэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмрэ Iуэхущапсэхэм ядолжьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапсэм - 42-26-41; суэрэттехьэм - 42-75-78.